

BAB IV

DESKRIPSI JEUNG ANALISIS DATA

4.1 Deskripsi Data

Buku kumpulan carita pondok *Oléh-oléh Pertempuran* karangan Rukmana Hs. medal taun 2006 dicetak ku PT. Kiblat Buku Utama. Ieu buku mangrupa kumpulan carita pondok munggaran Rukmana Hs. Carita-caritana boga gambaran ngeunaan kaayaan jaman perang, waktu ngarebut jeung mertahankeun kamerdékaan. Eusi caritana bisa dianggap saksi ngeunaan patriotisme jeung kaihlasan para pemuda Sunda dina ngabéla kamerdékaan bangsana. Sumanget juang anu ngagedur teu maliré kana dampak-dampak pertempuran, saperti cacatna awak tepi ka toh pati jiwa raga. Sakapeung anggota kulawarga jadi korban pertempuran. Hal éta geus jadi resiko-resiko pertempuran nu geus dianggap biasa ku para pajuang jaman harita.

Ukuran bukuna 21 x 14 cm, warna jilidna bodas, aya opat gambar ilustrasi. Gambar kahiji, pasukan nu keur siap-siap rék tempur. Gambar kadua, situasi medan pertempuran. Gambar katilu, pajuang nu keur ngalamun di tempat urut perang. Gambar kaopat, tawanan perang nu keur disangharepan ku tentara.

Carita pondok anu rék ditalungtik téh nya éta sakumna carita pondok anu aya dina buku kumpulan carita pondok *Oléh-oléh Pertempuran*, nya éta "Harta Karun" (kaca 11-19), "Nu Teu Daék Mulang" (kaca 20-32), "Penghianat" (kaca 33-37), "Maéhan Bapa Sorangan" (kaca 38-49), "Sasak Gantung" (kaca 50-56), "Pélor Kayu Gabus" (kaca 57-61), "Ali Emas 'na Kotakan" (kaca 62-67),

“Bayonét” (kaca 68-76), “Kaméja Rangsak” (kaca 77-85), “Pélor Sésa” (kaca 86-93), “Nu Ceurik di Pasir Ipis” (kaca 94-99), “Merdéka Tetep Gurka Diantep” (kaca 100-107), “Geus Némbongan” (kaca 108-114), “Oléh-oléh Pertempuran” (kaca 115-120), “Kopral Hideung” (kaca 121-128), “Supir Mobil Mati” (kaca 129-134), “Tepung ‘na Taweuran Masjid Agung” (kaca 135-141), “Supata” (kaca 142-147), “Péstol Leutik Pérah Beureum” (kaca 148-159), “Héot És Lilin” (kaca 160-165), ”Cipanon Handapeun Hantap” (kaca 166-172), jeung “Kasarad” (kaca 173-182).

4.2 “Harta Karun”

4.2.1 Ringkesan Carita

Kaptén Acep. R, mantan pajuang kamerdékaan nu jadi panulis carpon. Hiji peuting manéhna teu boga ide keur bahan caritaeun nepikeun ka kasaréan di luhureun mesin ketik. Geus rék rep, peureum, bél imah disada. Barang dibuka, bet aya tamu urang Jepang. Éta tamu téh Létnan Séra, tentara Jepang nu kungsi ditulungan ku manéhna tina ancaman Pajuang Pemuda jeung Pasukan Rahayat Bersenjata. Malah harita Kaptén Acépna ogé ditahan, pédahang dianggap penghianat. Padahal Kaptén Acép ukur nerapkeun élmu perang yén musuh nu geus lemah tur geus pasrah téh ulah dipaéhan tapi jadi tawanan perang.

Basa Kaptén Acép diasupkeun kana tahanan, bangkolna ngahaja teu dikonci, sabab nu ngabangkolna ogé anak buah nu dipikanyaahna. Ahirna Kaptén Acep jeung Létnan Séra bisa kabur. Kaptén Acép diajak kabur ka Jépang ku Létnan Séra maké kapal selam milik Jepang nu pinuh ku emas jeung perhiasan.

Tapi barang keur maju, kapal rada eundeur, nabrak kapal selam nu Amerika. Ku lantaran basa ditanya ngaku urang Indonésia, duanana dileupaskeun ku Amerika, diturunkeun di Tanjung Pérak. Poé éta poé terahir Kaptén Acép jeung Létnan Séra panggih, Létnan Séra balik ka Jepang, sedengkeun Kaptén Acép mah ka Bandung.

Peuting éta Létnan Séra ngahaja datang ka Bandung téh rék nedunan jangji harita yén tanggal 17 Agustus 1989 maranéhna rék néang harta karun di Basisir Cariu. Kapal téh aya kénéh di témpat nu harita ditinggalkeun. Tapi barang pantona rék dibuka, ujug-ujug aya dinamit bitu. Létnan Séra ancur pasiksak ku dinamit, sedengkeun Kaptén Acép kapec lengkeun ka luhur, jauh. Terus malik nyirorot ka handap. Na ari bray beunta, gening keur saré luhureun mesin ketik téa.

Ari hudang awak karasa nyareri, dina walikatna asa aya nu ngaganjel. Isukna Kaptén Acep tuluy dioperasi. Ku dokter kapanggih yén nu ngaganjel téh sélébékan beusi dinamit. Kaptén Acep jadi bingung. Nu kaalaman sapeuting dina ngimpi, bet kabawa ka alam sadarna. Leuwih bingung deui pas manéhna tepi ka imah. Dina méja ngagolér telegram ti Jépang, nu ngabéjakeun yén Létnan Séra maot katabrak mobil basa badé angkat ka Indonésia tanggal 17 Agustus 1989.

4.2.2 Tokoh jeung Penokohan

4.2.2.1 Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan

Tokoh anu ngalalakanan dina ieu carita nya éta:

- 1) Kaptén Acép R
- 2) Létnan Séra

- 3) Supir Taksi 1
- 4) Supir Taksi 2
- 5) Nénéng
- 6) Dokter Mulya
- 7) Tentara Inggris
- 8) Pasukan Rahayat Bersenjata
- 9) Pimpinan Pasukan Bersenjata
- 10) Pasukan Pemuda
- 11) Létnan Satu Yayo
- 12) Tentara Amerika
- 13) Ny. Sera Yukari

Dumasar kana peranna, nu jadi tokoh utama dina ieu carita pondok nya éta Kaptén Acép. Tokoh tambahanana diantarana Létnan Séra, Pasukan Rahayat Bersenjata, pamingpin Rahayat Bersenjata, Pasukan Pemuda, jeung Létnan Yayo.

4.2.2.2 Ajén Patriotis Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan sarta Penokohanan

1) Kaptén Acép R

Salaku pamingpin pasukan, Kaptén Acép boga sikep nu wijaksana tur disiplin. Sanajan sumangét juangna ngagedur, tapi masih bisa nahan emosi, masih bisa maké logika. Hal ieu katitén tina sikep manéhna basa Pasukan Pemuda jeung Pasukan Rahayat Bersenjata ménta Létnan Séra dipaéhan, tapi teu ditedunan ku Kaptén Acép, saperti katitén dina cutatan ieu di handap.

“Dulur-dulur! Eureun! Kabéh salah, naha tentara Jepang nu geus pasrah bet ditarajang tug nepi ka caremna? Eta téh tawanan perang. Mundur! Bubar!” (kaca 14).

2) Pasukan Rahayat Bersenjata

Tékad bajuangna buleud pisan, nepi ka komandanna sorangan dilawan pédaħ disangkana nyumputkeun musuh. Hal éta katitén dina cutatan ieu di handap.

“Bijilkeun Létnan Séra, Si Bénjol..., urang cacag!” (kaca 14).

3) Pamingpin Pasukan Rahayat Bersenjata

Kahayang anu gedé pikeun ngéléhkeun Jepang lantaran rasa ceuceubna ka nagara anu geus ngajajah bangsana. Éta kahayang téh bisa katitén dina cutatan ieu di handap.

“Wah..Kaptén penghianat bangsa! Kaptén kolaborator Jepang, urut Heiho nu matak mangmenangkeun ogé. Héh, Kaptén! Bangsa urang beak diromusakeun. Paré diakutan ka Jepang keur bekel perang. Rahayat sangsara ku dahareun, geus loba nu disamping karét. Jepang kudu dibasmi. Héh, Kaptén ulah ngabélaan. Loba wanita nu diperkosa, nyaho?” (kaca 14).

4) Pasukan Pemuda

Sarua jeung Pasukan Rahayat Bersenjata, boga tékad nu buleud pikeun ngéléhkeun Jepang nepi ka béak pasukanana. Hal éta katitén dina cutatan ieu di handap.

“Jepangna hiji deui...!” (kaca 14).

Pasukan Pemuda nu geus ngéléhkeun tentara Jepang nepi ka carem, can puas mun aya kénéh nu tinggaleun. Komo disumputkeun ku komandanna sorangan mah.

5) Létnan Satu Yayo

Pajuang sakaligus anak buah komandan nu cerdas jeung déwasa. Manéhna bisa ngondisikeun situasi pasukan nu *kacau* sangkan bisa nuluykeun perjoangan. Hal éta katitén dina cutatan ieu di handap.

“Dulur-dulur! Mundur! Marulang ka salembur-salemburna. Komandan anu pro Jepang geus ditangkep. Ayeuna, komandan Pasukan Pemuda, sim kuring, Létnan Satu Yayo.” (kaca 14-15)

4.3 “Nu Teu Daék Mulang”

4.3.1 Ringkesan Carita

Isana Takashi Opa Mustapa, leuwih dipikawanoh ku masarakat mah Opa waé. Malah boa batur mah teu apal ngaran Opa nu sabenerna da geus puluhan taun nu manggil téh Opa. Manéhna téh sardadu Jepang nu kaluar ti kesatuanana terus nuluykeun perjoangan ngalawan Sekutu di Indonésia. Ti mimiti geus ngarasa genah cicing jeung milu baojang di Indonesia téh, sabab bangsa Indonesia teu daékeun mantuan perang ka Walanda.

Ka Indonésia Opa geus ngarasa ka lemah cai sorangan. Komo ka tatar Sunda. Geus tilu puluh hiji taun Opa hirup di Indonésia, ti bubujangan kénéh nepi ka kawin jeung urang Sunda terus boga anak dalapan.

Loba babaturan atawa tatangga nu nanya ka Opa, naha cenah manéhna bet teu daék mulang ka nagarana. Ku Opa ka saha waé nu nanya kitu sok dijawab sarua, pokna, diditu mah meureun geus teu boga sasaha, jeung naon anu rék diharepkeun da geus ancur ku bom atum. Padahal, jauh dina jero haténa, manéhna geus ngarasa nyaah pisan ka Lemah cai Indonésia, geus ngarasa ka lemah cai sorangan, ngan can pernah di omongkeun ka sasaha gé.

Hiji mangsa, aya tamu ti Jepang ka imah Opa. Manéhna téh nu nganterkeun indung Opa ti Jepang ka Indonesia. Hayang panggih jeung budakna cenah nu geus lila bajoang di Indonesia. Indung Opa ngajak ka Opa sakalian jeung anak pamajikanana balik ka Jepang. Tapi Opa keukeuh embung.

Sakumaha beuratna haté nu kudu balik sorangan ka Jepang, salaku indung nu pinuh ku rasa nyaah ka nu jadi budak, kahayang Opa ditedunan waé. Malah Ka incu-incuna peupeujeuh, mun cicing di Indonésia, kudu jadi warga nu boga tanggung jawab kana maju mundurna bangsa.

4.3.2 Tokoh jeung Penokohan

4.3.1.1 Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan

Tokoh anu ngalalakanan dina ieu carita nya éta:

- 1) Isana Takashi Opa Mustapa
- 2) Barudakna Opa
- 3) Pamajikanna Opa
- 4) Indungna Opa
- 5) Panarjamah
- 6) Armada Walanda
- 7) Gerilyawan Rahayat Indonesia
- 8) Babaturan Opa
- 9) Balatentara Jepang
- 10) Tatangga Opa

Dumasar kana peranna, nu jadi tokoh utama dina ieu carita pondok nya éta Opa. Tokoh tambahanana diantarana balatentara Jepang, jeung indungna Opa.

4.3.2.2 Ajén Patriotis Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan sarta Penokohanana

1) Isana Takashi Opa Mustapa

Opa salaku serdadu perang boga sumanget juang nu gedé pikeun nanjurkeun kamerdékaan. Hal éta katémbong tina tekad dirina nu hayang terus bajoang, saperti katitén dina sempalan ieu di handap.

“...narima paréntah eureun perang duméh Kaisar sérah bongkokan ka tentara Sekutu, pirang-pirang serdadu nu ngamuk tur susumbar, kaasup kuring sorangan.”(kaca 23)

*Ksatria pantang menyerah!
Wawanén lébér kénéh!
Ti batan daék mundur, leuwih hade ancur lebur!
Moal-moal daék eureun perang...!”*
(kaca 23)

Opa gé sadar yén sumanget juang nu aya dina diri manéhna téh lain pé dah keur ngabales kahéngkéran Jepang dina pertempuran, tapi keur nagara Indonesia ogé, nu engkéna bakal jadi lemah caina. Cutatan di handap ieu némbongkeun sumanget Opa nu geus paduli kana kamerdékaan Indonésia.

“Enya da jiwa Samuréy nu ngancik ‘na diri kuring teu éléh, batan lééh kalah ka ngagedur ngaléntaban haté, mangpaatkeun hirup manéh demi kamerdékaan Indonesia, nagara nu engkéna jadi sarakan manéh! Nagara nu pertiwina engké narima raga badag manéh!”. (kaca 24)

Peta kitu téh basa manéhna keur ngomong sorangan dina jero haténa.

Opa ogé rada gesit tur bisa diandelkeun ku babaturanana dina peperangan téh. Opa bisa ngéléhkeun musuh ku cara-cara manéhna sorangan, cara nu bédha ti biasa, nu teu ngandelkeun senjata wungkul. Hal di luhur bisa katitén tina cutatan-cutatan ieu di handap.

“Eta mah harita, kuring bangénan pisan ngala senjata. Malah sok diaranelkeun ku barudak nu can baroga senjata téh. Pajar téh cenah, keun engké Si Opa beurang sina ngala stén.” (kaca 25)

“Di dinya, antara Legok-Paséh pangalaan bedil kuring téh. Lar...palatuk, kéceng jebrud teu dipindo deui, motorna ngubeng ngajéngjéhé. Walandana jojolotoan susuluduk kaditu susuluduk ka dieu nyusutnyusutkeun beungeutna nyiuman aspal. Genyeneng baé bedilna. Kuliwed kuring kanu bala.” (kaca 25)

“Sakapeung mah tara dibedil nu tumpak motor téh, lebar pélor. Dierad baé ku kabel, dipanteng ti kénéka-katuhu, Beulah dituna ditalikeun kana johar”. (kaca 26)

Opa nu geus lila milu bajoang di Indonésia, geus cinta ka lemah cai Indonésia. Manéhna boga rasa nu istiméwa ka Indonésia téh, sabab ngarasa geus jadi nagara sorangan. Lamun ditanya ku sasaha naha manéhna teu mulang ka Jepang, jawabanana pasti nétélakeun yén di Jepang geus euweuh harepan nanaon saprak di bom ku Sekutu téa. Padahal dina jero haténa mah, manéhna beurat ninggalkeun Indonésia. Hal ieu katitén tina cutatan ieu di handap

“Ari saenyana, pijawaban kuring lain kitu, nu aya dina haté mah nya éta, Indonésia lemah cai kuring. Di dinya kuring sayaga, jadi pramuka peritiwi! Indonésia bangsa kuring, bangsa jeung lemah cai kuring....!” (kaca 27)

2) Balatentara Jepang

Sumanget juang pikeun nanjurkeun kamerdékaanana teu parem sanajan nu jadi pamingpin nagarana geus éléh ku musuh. Para serdadu masih boga niat pikeun ngahontal tujuan. Hal ieu katitén dina cutatan ieu di handap.

“Serdadu-serdadu anu boga pamadegan kararitu, patingbalecir, ninggalkeun kesatuan, neruskeun perang di pihak Indonésia, terus ngaburak barik Sekutu, perang jeung Walanda milu nanjurkeun kamerdékan Indonesia, bari jeung agul, “Ténjo Sekutu! Mana déwék éléh, déwék terus perang nepi ka unggulna, nepi ka tetep jadi bangsa merdéka, tur jadi bangsa Indonesia! Teu sudi aing jadi boyongan...!” (kaca 23)

3) Indungna Opa

Kacida nyaahna manéhna ka Takashi (Opa) téh. Sok sanajan geus puluhan taun teu panggih, dijugjug wéh ti Jepang ka Indonésia. Manéhna meunang béja yén anakna hirup kénéh di Indonésia. Sanajan ajakanna mulang ka Jepang ditolak ku Takashi, indungna teu ambeuk, malah mah mapatahan ka incu-incuna sangkan bisa jadi warga nagara nu teu ngérakeun bangsa nu diiluanana. Hal éta katitén dina cutatan ieu di handap.

“Ieu barudak, kahadé sing barisa titip diri sangsang badan ka bangsa Indonésia, sing jaradi patriot cara bapa manéh, boh patriot perang, boh patriot ngawangun bangsa, ambéh diajénan. Sing marilu tandang tur tanggung jawab kana maju mundurna bangsa, ulah jadi mangandéuh nu kukumpul kakayaan wungkul, éra ari boga darah Sakura jeung darah malati mah. Ieu mah bisi...! Takashi! Kadé éta urus turunan kami, ulah sina ngérakeun jadi bangsa Indonésia téh.” (kaca 32)

4.4 “Penghianat”

4.4.1 Ringkesan Carita

Tokoh dina ieu carita nya éta *kuring*. Manéhna ngarasa keuheul pisan ka babaturanana anu ngaran Rajab. Kungsi sabatalion harita téh, tapi Rajab kadon jadi tentara Federal. Ti dinya *kuring* nganggap penghianat ka Si Rajab. *Kuring* kungsi di bui di Garut, dipariksana ku Rajab. Meni kejem nyiksana téh, malah leuwih kejem batan tentara Walanda. Nu ngalantarankeun *kuring* beuki keuheul ka Rajab téh basa manéhna teu ngaku wawuh salaku babaturan sabatalion di TNI.

Aya nu wawuh ka *kuring* basa di bui téh. *Kuring* dijadikeun tentara Federal nepi ka tuluy diangkat jadi bawahanna Rajab. Geus jadi tentara Federal mah *kuring* ngumpul-ngumpulkeun babaturan nu saihwan, rék dibawa kabur jeung pakarang-pakarangna. Tapi saméméh kabur, rék maéhan heula Rajab, malah maéhanna ogé moal langsung dibedil, rék rada disiksa, rék diperekpek beungeutna ku batu.

Nepi kana waktuna, Rajab ditéangan ku *kuring* jeung barudak. Kapangih-kapanggih di Pasar Baru. Langsung waé disiksa. Beungeutna diteunggeul ku batu sarta beuteungna diasupan bayonet.

Puluhan taun ti kajadian éta, *kuring* papanggih deui jeung Rajab di Cipanas Garut. Rajab ngarawu leungeunna *kuring* bari munjungan, rumasaeun éra. Kuring jeung Rajab pada-pada ngumbar carita baheula.

4.4.2 Tokoh jeung Penokohan

4.4.2.1 Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan

Tokoh anu ngalalakonan dina ieu carita nya éta:

- 1) Kuring
- 2) Rajab
- 3) Nini-nini
- 4) Dokter
- 5) Barudakna kuring
- 6) Prajurit
- 7) Kaptén Intélijén Werklaar
- 8) Kaptén Intélijén Aléx Amos
- 9) Kapala Pulisi
- 10) Tentara Federal nu saihwan
- 11) Prajurit TNI

Nu jadi tokoh utama dina ieu carita nya éta *kuring*. Tokoh tambahanana nya éta barudak Tentara Federal nu saihwan.

4.4.2.2 Ajén Patriotis Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan sarta Penokohanana

1) Kuring

Kuring ngarasa ngéwa ka Rajab, urut babaturanna sabatalion nu kaluar ti TNI terus jadi KNIL. Ngarasa nyeri haté sabab aya bangsa sorangan anu

ngahancurkeun harepan kamerdékaan bangsa Indonesia. Hal ieu katitén dina cutatan ieu di handap.

“Aduh..nyeri hate lain deui. Manéhna téh kungsi sabatalion jeung kuring waktu di Kesatuan Pemberontak Bandung Selatan. Tayohna leuwih hadé asup Tentara Federal genah tibatan jadi TNI.” (kaca 3)

Bakating ku ngewana ka Rajab, pedah geus jadi warga nu hianat ka bangsana, kuring boga niat ngala pati ka manéhna. Tekad kitu téh témbong dina cutatan ieu di handap.

“Geus gilig, méméh kabur jeung barudak, rék maéhan heula si Rajab. Ngarah sugema moal ku bedil rék diperekpek beungeutna ku batu; jrot...jrot...jrot...! (kaca 36)

Sanajan aya dina kaayaan kadesek, kuring masih bisa nyieun stratégi pikeun neruskeun perjoangan. Basa manéhna ditahan ku tentara KNIL, tuluy dijadikan tentara Federasi, keur kuring kaayaan éta téh jadi kasempetan pikeun mawa kabur pakarang perang musuh sarta nyusun kakuatan nu anyar. Saperti katitén tina sempalan carita ieu di handap.

“...kuring dibéré pangkat Onder Luitnan di Tentara Nagara Pasundan. Salila éta ngumpulkeun barudak nu saihwan wé rék dibawa kabur jeung pakarang-pakarangna. Batalion kuring geus témbong wé dina sawangan téh bakal boga pasukan baju héjo nu lengkep pakarangna...” (kaca 36)

2) Tentara Federasi nu Saihwan

Salaku babaturan anyarna kuring di Tentara Federal, maranéhna sapamadegan jeung kuring, ngéwa ka Rajab pé dah geus jadi penghianat. Maranéhna rék milu méré pelajaran ka Rajab. Hal éta katitén dina cutatan ieu di handap.

“Dina jam D, poé H geus dipastikeun rék kabur. Si Rajab diubek ditéangan ku barudak.” (kaca 36)

4.5 “Maéhan Bapa Sorangan”

4.5.1 Ringkesan Carita

Nu ngalalakonan dina ieu carita pondok nya éta Wijaya jeung Supangkat.

Duanana téh sobat dalit mangsa perang kamerdékaan. Sumangét juang Supangkat teu kudu dicatur deui. Supangkat ngarasa ijid pisan ka nu ngaranna penjajah, komo kolaborator atawa mata-mata mah.

Hiji mangsa keur dina pertempuran, leungeunna Supangkat bubuk lantaran granat nu rék dialungkeunna bitu méméh dibalangkeun. Malah manéhna ngarasa pipaéheun. Tapi salaku sobat deukeutna, Wijaya ngahatéan. Lain nanaon ari raheut sakieu mah. Padahal dina haténa, ningali Supangkat bangun nu sahos-hoseun. Komo pas mihapékeun barudakna mun Supangkat nepi ka paéhna. Wijaya teu gesit, manéhna langsung mawa Supangkat ka Ténda Palang Mérah Indonésia. Manéhna ménta ka Suster, mun Supangkat kudu dipotong leungeunna, potong waé, kuring nu tanggung jawabna cenah.

Kacaritakeun Supangkat salamet, ngan nya éta, leungeunna buntung. Sumanget juang Supangkat beuki ngajadi-jadi. Malah mun kabagéan ngurus tahanan mata-mata sok tara maké ampun, tara boga toléransi, langsung waé diala pati. Sakapeung sok dipapatahan ogé ku Wijaya mun ka tawanan mati téh tong langsung-langsung waé dipaéhan, pan kudu ditanya ngaran jeung sagala rupana keur kapentingan administrasi. Tapi pokna, nu kitu mah penjahat, nu ngarugikeun jeung ngabahayakeun nagara. Nepi ka hiji mangsa manéhna teu kahaja da geus biasa téa tara tatanya mun rék ngala pati tawanan, bapana sorangan nu ditembak téh. Tadina dianggap tentara Walanda nu katéwak dina pertempuran. Padahal nu

sabenerna, bapana téh romusha nu hayang balik ka tempat rodina ngaliwatan Sekutu ku jalan dijadikeun NICA. Na pikiran bapana, mun geus jadi NICA rék kabur ka anakna nu jadi komandan di front. Hal ieu pisan nu ngalantarankeun Supangkat jadi gering pikiran, lila, nepi ka maotna.

4.5.2 Tokoh jeung Penokohan

4.5.2.1 Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan

Tokoh anu ngalalakanan dina ieu carita nya éta:

- 1) Wijaya
- 2) Supangkat
- 3) Si Romli
- 4) Protokol (Bintara Koramil)
- 5) Létnan Satu (Dan Ramil)
- 6) Ketua Véteran
- 7) Uyat (pamajikan Supangkat)
- 8) Anakna Supangkat
- 9) Pasukan Palang Mérah Indonésia
- 10) Barudak (prajurit)
- 11) Dokter Jatnika jeung Stafna
- 12) Tentara Walanda

Tokoh utama dina ieu carita nya éta Supangkat. Tokoh-tokoh tambahanana nya éta Wijaya jeung babaturan sasama prajurit

4.5.2.2 Ajén Patriotis Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan sarta Penokohanana

1) Wijaya

Pajuang anu barangas Wijaya téh. Manéhna mah luasan lamun geus nyangharepan musuh. Katingali dina cutatan ieu di handap.

“Kuring mah wani ngancurkeun beuteung musuh nepi ka budal badilna ari duet sangkur téh.” (kaca 40)

Wijaya nu jadi komando dina pertempuran boga tékad buleud pikeun berjuang dina ngalawan penjajah. Tapi salaku komandan, manéhna ogé kudu bisa ngahatéan ka prajuritna sangkan boga sumanget juang nu sarua. Saperti nu katitén dina cutatan ieu di handap.

“Wah...paéh-paéh, hirup-hirup ngadéngé ultimatum kitu mah. ‘Barudak, tiarap disisi-sisi, siap granat.’” (kaca 43)

“Tékad, paéh, tapi hiji téng jeung lima musuh kudu ancur heula.” (kaca 43)

Wijaya ngarasa embung kaleungitan babaturanna nu jadi prajurit perang, komo ka Supangkat mah. Manéhna ngarasa lebar lamun geus aya nyawa nu gugur di pertempuran. Satékah polah manéhna sok méré komando sangkan méré perlindungan ka nu keur aya dina posisi gawat. Hal ieu katitén dina sempalan-sempalan carita ieu di handap.

“Kuring méré isarat ka sababaraha urang prajurit supaya nangtayungan Supangkat ku témbakan-témbakan brén tékidanto dilambungkeun.” (kaca 41)

“Kuring néangan Supangkat nu ngereles ti gigireun, melang dedegler bisi jibaku, lebar...komandan kudu paéh sakadar ancurna hiji téng mah.” (kaca 44)

2) Supangkat

Supangkat mah béda jeung Wijaya, manéhna teu barangas-barangas teuing, tapi biasa waé. Saperti nu dicutat tina koméntar Wijaya di handap ieu.

“Manéhna mah na da teu luaseun, sok ku pélor baé, teu kuat néndo amburadul peujitna jeung jere lengna getih tina dada, cenah.” (kaca 40)

Sanajan kitu, Supangkat wanian di médan perang mah. Hal ieu katémbong dina sempalan carita Wijaya ieu di handap.

“Tapi harita manéhna ngarayap ka luar tina lombang panyalindungan, huntuna kekerot, teu maliré ka kuring, teu maliré ka anak buah nu kudu dikomando. Manéhna terus maju dina hujan pélor, maju bari ngepel granat” (kaca 40-41)

Lantaran ngewana ka bangsa sorangan nu jadi tentara musuh atawa nu geus jadi penghianat bangsana sorangan, Supangkat boga sikep taya toléransi ka nu kitu mah. Hal éta katingali dina cutatan ieu di handap.

“Persétan...antara Supangkat jeung kolaborator, satru kabuyutan, mun beunang, taya hampura, taya karunya.” (kaca 41)

Supangkat kungsi diancam dimutasikeun ka kesatuan di luar pertempuan ku Wijaya pé dah manéhna tara maké toléransi dina maéhan tawanan, komo ka mata-mata mah, kacida ceuceubna. Tapi manéhna embungeun. Padahal saméméh tawanan dipaéhan téh aya aturan-aturanana. Saperti anu kaunggel dina sempalan ieu di handap.

“Moal ngiser tina méja ieu, déwék mah geuleuh ka kolaborator. Déwék nu kudu mérésanana, dipercayakeun ka batur mah bisi aya kolaborator nu dibébaskeun; suap, dulur, sobat, geulis...karunya..., tolol!” (kaca 46)

Sanajan leungeun katuhuna geus buntung, Supangkat jadi leuwih-leuwih boga sumanget juangna téh. Kungsi dititah cicing di staf pikeun ngatur operasi militer, tapi manéhna embungeun, hayang di medan tempur waé. Sikep kitu na téh katémbong dina ucapan manéhna saperti dina cutatan ieu di handap.

“Sangeuk, kesel, hayang di tengah pertempuran euy, kapalang cacad, sugaran wé duanana, malah jeung suku deuih!” (kaca 45)

Aya hiji deui nu némbongkeun jiwa patriotisna Supangkat dina ieu carita, saperti katitén dina ieu sempalan di handap basa manéhna rék némbak tawanan nu katéwak di pertempuran.

“Berjasalah pistolku bagi kemerdekaan.” (kaca 47)

Katitén pisan yén Supangkat bener-bener boga tékad pikeun nanjurkeun kamerdékaan bangsana.

3) Babaturan sasama prajurit

Pajuang-pajuang nu tempur geus teu kudu dikomando da geus ngarti kana tindakan naon waé nu kudu dilakukeun. Maranéhna boga sumanget juang nu gedé pisan pikeun nyangking kamerdékaan matak kitu ogé. Saperti katitén dina paguneman Supangkat jeung Wijaya ieu di handap.

“Ké heula, keun waé teu dijejeran ku urang gé, barudak malah wawanénnna leuwih ti urang.” (kaca 42)

“Tapi barudak tetep ngangseug, sagala kakuatan ditumplekkeun. Komo barang ngadéngé musuh keur gogorowokan.” (kaca 43)

4.6 “Sasak Gantung”

4.6.1 Ringkesan Carita

Adi Winaya imahna didatangan ku Riskana, budak lalaki nu keur néangan bapana. Winaya ngagebeg pas ningali rupa nu sarimbag jeung manéhna waktu keur ngora. Ujug-ujug boga perasaan curiga, boa-boa éta budak téh anakna, komo pas disebutkeun ngaran bapa nu keur ditéangan téh ngaran manéhna, Winaya. Mimitina Adi Winaya teu pok yén nu keur ditéangan ku Riskana téh manéhna. Ku sabab hayang nyaho heula alesan nu leuwih jelas ti éta budak nepi ka bisa nyebutkeun ngaran bapana téh ngaran manéhna.

Riskana nyaritakeun yén baheula téh indungna nu ngaran Sri Respati basa keur kakandungan ku manéhna ragrag dina sasak gantung. Caritana pasukan Siliwangi jeung rombongan kulawarga keur *longmarch* ka Sélakuda mentas Citanduy, dicegat ku tentara Walanda. Sasak gantung nu keur dililiwatan téh pegat. Untung indungna ragrag kana rakit pun aki. Katulungan kénéh indung téh, nepi ka ngalahirkeun kuring sapoé terus ngantunkeun. Dina ranselna aya mérah putih nu tos rangsak, di juruna aya aksara Winaya sareng alamat bumi ieu. Nya susuganan pami teu aya gé aya wartos tinu sanés.

Winaya ngarasa reuwas kabina-bina, pantesan na haténa bet asa karasa bédha pas ningali manéhna. Geus kitu mah Winaya téh nangkeup sirahna Riskana bari ngaku yén nu keur ditéangan ku Riskana téh manéhna.

4.6.2 Tokoh jeung Penokohan

4.6.2.1 Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan

Tokoh anu ngalalakonan dina ieu carita nya éta:

- 1) Adi Winaya
- 2) Riskana
- 3) Sri Respati
- 4) Ma
- 5) Sersan Uju
- 6) Akina Riskana
- 8) Tatangga
- 7) Anak tatangga
- 8) Tentara Walanda
- 9) Rombongan kulawarga
- 19) Batalion Malabar
- 20) Kompi Manglayang
- 21) Mayor Siradz
- 22) Kaptén Cahyana
- 23) Kompi Citarum

Nu jadi tokoh utama dina ieu carita nya éta Adi Winaya. Tokoh tambahanna

mah nya éta Sersan Uju, Mayor Siradz, kompi Manglayang Jeung Kompi Citarum.

4.6.2.2 Ajén Patriotis Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan sarta Penokohanana

1) Adi Winaya

Resiko pertempuran nya éta leungit nyawa sorangan atawa nyawa sobat jeung kulawarga. Kitu ogé Adi Winaya. Demi perjoangan, manéhna teu bisa nalingakeun pamajikanana nu keur kakandungan bari kudu meuntas sasak gantung. Manéhna mihapékeun pamajikanna ka babaturanna, Sersan Uju. Salaku prajurit perang manéhna kudu siap ngalaksanakeun paréntah ti komandanna. Hal éta katitén basa Mayor Siradz maréntahkeun ka manéhna sangkan aya di barisan pangharepna, sorangan.

“Siap Mayor!” (kaca 53)

Taya deui kecap jeung pamikiran séjén, iwal ti ngalaksanakeun paréntah komandan. Tidinya Adi Winaya pasrah bari hariwang kana nasib nu jadi pamajikanana.

2) Mayor Siradz

Komandan batalion nu sigap sarta bisa méré sumanget juang ka para prajuritna. Hal éta katitén saperti dina cutatan ieu di handap.

“Gempur...!” Mayor Siradz méré komando keur ngahudangkeun wawanén tempur. (kaca 54)

3) Batalion Malabar

Basa pertempuran keur ragot, Batalion Malabar teu éléh wawanénna pé dah pélor-pélor Walanda di ponclot Pasir Kasur neregtég ka handap. Hal éta katitén dina cutatan ieu di handap.

“...Batalion Malabar ngamuk lir banténg bayangan, musuh diasrak dikepung wakul buaya mangap!” (kaca 53)

4.7 “Pelor Kayu Gabus”

4.7.1 Ringkesan Carita

Aya dua prajurit TNI anu sapeleton, nyobat deuih, nya éta Jamhur jeung Marta (Dandi Martadipura). Ari nu ngaran Dandi mah jelemana téh beuki heureuy. Basa keur latihan, dina gerak jalan biasa, TNI sok ngahariringkeun lagu-lagu nu boga sumangét juang. Dandi ogé ngahaleuang, tapi teu milu kana lirikna. Manéhna ngagenti kekecapan sangeunahna, tapi murwakanti kénéh. Mun ayeuna mah sok disebut *pelésétan*. Geus puguh komandanna ambeuk, bari nitah ngaku saha nu boga kalakuan kitu téh. Tapi Jamhur ngingetan manéhna salaku parjurit kudu nyatria, ngaku kana kasalahan.

Tungtungna Marta nurut ka Jamhur. Otomatis, manéhna disiksa sabab dianggap boga simpati ka NICA. Diperlakukeun kitu mah, Marta sontak ngalawan, pajar komandan mah ti baheula teu resep ka manéhna. Beuki wéh keuheul komandanna dikitukeun téh. Ahirna Marta divonis hukum mati, nu kabagéan tugasna ogé si Jamhur. Ku sabab geus jadi kawajiban prajurit kudu nurut ka Komandanna, Jamhur daékeun nagéksekusi Marta. Kusabab Jamhur téh

nyaah ka Marta, manéhna ngahaja ngeusian péstolna ku pélor kayu gabus. Jamhur hayang Marta salamet.

Puluhan taun kaliwat, di nagri Walanda panggih jeung inspektur Friet Martadipura. Jamhur ngajenghok bangun nu kagét barang apal ngaran lengkep éta inspektur téh. Komo ningali keureutan beungeutna nu teu siga Walanda. Ari ditanya saha ngaran bapana, geuning inspektur téh anakna Dandi Martadipura. Ayeuna bapana téh hirup kénéh cenah. Bapana gaduh *céda* dina mastakana. Dina haté nu pangjerona, Jamhur bungahna kacida, gening Si Marta téh hirup kénéh, gerentesna.

4.7.2 Tokoh jeung Penokohan

4.7.2.1 Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan

Tokoh anu ngalalakanan dina ieu carita nya éta:

- 1) Jamhur Kusnandar
- 2) Dandi Martadipura
- 3) Inspéktur Friet Martadipura
- 4) Serdadu Walanda
- 5) Komandan peleton

Dina ieu carita nu jadi tokoh utamana nya éta Jamhur. Tokoh tambahanana nya éta komandan peleton.

4.7.2.2 Ajén Patriotis Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan sarta Penokohanana

1) Jamhur

Disiplin jeung daria Jamhur mah. Sikepna ogé déwasa. Basa Marta, babaturanna nu keur dicarékan ku komandanna, manéhna mapatahan yén hiji prajurit kudu boga sikep prajurit. Hal éta kaunggel dina cutatan ieu di handap.

“Bijil atuh, satria ka dituh ari prajurit mah.” (kaca 59)

Tanggung jawabna salaku prajurit bisa dijalankeun kalawan profesional. Manéhna teu ningali karunya atawa wawuh henteuna. Mun geus jadi paréntah langsung dilaksanakeun. Hal bisa ditinggali dina cutatan ieu di handap.

“Teu bisa! Déwék nyaho aya pagawéan séjén silaing nu ngarugikeun perjoangan. Silaing kungsi nepungan dulur silaing nu jadi Serdadu Walanda.” (kaca 60)

Éta téh jawaban basa Jamhur dipénta ku Marta pikeun ngabébaskeun manéhna. Marta keukeuh negeskeun yén manéhna teu boga dosa. Tapi Jamhur teu léah kitu waé pé dah ka sobat. Jamhur salaku prajurit ukur ngalaksanakeun paréntah komandanna. Sikep kitu katingali dina omongan Jamhur basa nempas Marta nu keukeuh teu boga salah cenah. Jawaban Jamhur ukur kieu:

“Tapi... déwék teu nyaho leuwih ti kitu.” (kaca 60)

2) Komandan peleton

Komandan peleton boga sikep nu tegas jeung ati-ati. Manéhna méré hukuman ka Marta lain pé dah ngulinkeun latihan, tapi éta mah sikep jaga-jaga bisi manéhna mémang nendeun simpati ka NICA, nu engkéna bisi tuluy ngadon

ngabahayakeun kesatuan. Sikep komandan peleton téh katitén dina cutatan ieu di handap.

“Persétan! Mémang kamu mah bersimpati dengan NICA.” (kaca 60)

4.8 “Ali Emas ‘na Kotakan”

4.8.1 Ringkesan Carita

Kacaritakeun Alwasim jeung Salhalim keur gagawé di sawah. Alwasim keur ngagaru, sedengkeun Salhalim mah keur macul. Alwasim kagerewahkeun ku ali stémpel nu aya di sawahna, sedengkeun Salhalim mah kadon manggihan tangkorék. Alwasim mah mimitina teu bébéja manggihan ali téa, tapi kadieunakeun, warga désa gé papada apal yén di sawahna Alwasim jeung Salhalim kapanggih ali stémpel jeung tangkorék.

Sanggeus dicugcrug ku Alwasim jeung pamajikanana, duanana curiga yén nu boga ali stempel téh nya éta almarhum Damiri, salakina Ceu Empat (Patimah). Kapanggih kitu soténan pé dah éta ali aya aksaraan D jeung di palebah tukangna mah aksarana téh Patimah. Kapanasaran masarakat kana kacurigaan Alwasim rék dibuktikeun ku kokolot jeung sababaraha urang warga ku jalan nanyakeun langsung ka Ceu Empat.

Ceu Empat kacida reuwasna barang ditanya ngeunaan almarhum Damiri, urut salakina, komo pas ditingalikeun ali pamanggih Alwasim téa. Cenah Damiri téh gugur dina peperangan, naha alina bisa tinggaleun di sawah Alwasim. Tambah reuwas deui basa kacurigaan warga ngeunaan tangkorék nu kapanggih ku

Salhalim téh tangkorékna Damiri. Patimah teu bisa kumaha, malah mah leuleus saawak-awak siga nu teu sadar.

Daud, salaki Patimah nu ayeuna, nu kungsi jadi kabogohna saméméh Damiri kawin jeung Patimah kadon émosi teu pupuguh. Manéhna siga nu teu satuju ka warga nu boga pamadegan pikeun ngabongkar tempat kapanggihna tangkorék Damiri. Daud rada nyentak jeung ngamuk teu puguh. Nu teu disangka pisan mah basa Daud ngaku yén Damiri téh dipaéhan ku manéhna, lain paéh di pertempuran. Alesanana mah cemburu, pédaħ geus ngarebut kabogohna baheula. Daud ngadidak siga nu teu éling, manéhna ngamuk terus nembrageun manéh kana mobil nu keur maju tarik pisan. Ahirna Daud ogé ninggalkeun Patimah, siga Damiri.

4.8.2 Tokoh jeung Penokohan

4.8.2.1 Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan

Tokoh anu ngalalakanan dina ieu carita nya éta:

- 1) Alwasim
- 2) Salhalim
- 3) Pamajikan Alwasim
- 4) Kokolot
- 5) Ceu Empat (Patimah)
- 6) Daud
- 7) Babinsa

Sabenerna nu jadi tokoh utama dina ieu carita nya éta Damiri. Tapi dina leunjeuran caritana, teu kacaritakeun watek, sikep atawa pamikiran-pamikiranana ngeunaan sumanget juang dina nanjeurkeun kamerdékaan. Nu disabit-sabit mah Damiri tiwas dina peperangan sarta ali Damiri nu kapanggih ku Alwasim, bisa ngungkabkeun kajahatan Ki Daud. Ari nu jadi tokoh tambahanana mah nya éta Alwasim jeung kokolot. Maranéhna nu boga carita jeung sumanget perjoangan.

4.8.2.2 Ajén Patriotis Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan sarta Penokohanana

1) Alwasim

Jadi pamuda anu hirup dina situasi peperangan, dihaja atawa henteu geus pasti dina haténa boga kereteg hayang milu bajoang pikeun nanjerkeun kamerdékaan sangkan hirup bébas, lain aya dina kakawasaan bangsa séjen. Kitu ogé nu dirasakeun ku Alwasim. Manéhna boga karep pikeun bébela ka lemah cai, kumaha wéh jalanna. Saperti anu katitén dina cutatan ieu di handap.

“Kuring mah meureun sarua kokolot gé, waktu éta berjoang téa lain demi partéyna, asup ka partéy éta sotéh ka pasukanana, hayang aya wadah keur berjoang. Leuwih penting kénéh perjoanganana tibatan partéyna keur kuring harita. Cacak mun harita kuring geus ngadéngé aya BKR atawa TKR meureun kadinya asup téh.” (kaca 66)

2) Kokolot

Sarua waé kokolot ogé, harita jaman perang pamikiranna téh asal boga wadah keur milu bajoang pikeun nanjerkeun kamerdékaan. Hal ieu ditandeskeun ku kokolot basa nyaruakeun kamandangna jeung Alwasim, saperti katitén dina cutatan ieu di handap.

“Bener, kitu pisan kuring gé, Sim!” (kaca 66)

4.9 “Bayonét”

4.9.1 Ringkesan Carita

Di Jepang keur diayakeun upacara Panineungan Perang di Taman Pahlawan Asia. S.Prana, tamu uleman ti Indonésia sumping kana acarana téh kasiangan. Tapi kebeneran pisan, pas datang, pangjejer nu ngaran Létkol Takéhara keur ngadongéngkeun pasukan Kamikazé ti Indonésia anu léngring wawanénna basa jibaku ngahancurkeun kapal-kapal laut serdadu Walanda.

Ceuk Letkol Takéhara, ngaran pajuang nu dimaksudna téh Létnan Satu Sujata. Titinggalan manéhna nya éta bayonet nu lumur ku getih. Dina Bayonétna aya nomberan. S. Prana teu ngahaja motong carita Létkol Takéhara. Manéhna ngarasa yén Bayonét éta téh sarua jeung nu manéhna. Barang diakurkeun nomberna sarua, nya éta 2-10-10. Geus kitu mah kacida kagétna sakumna jalma nu aya dina éta acara, kaasup Létkol Takéhara nu rada ragu kana pengakuan S. Prana.

Pikeun ngabuktikeun pengakuan S. Prana kana bayonet heiho Indonésia nu tadi diakurkeun nomberna, manéhna cumarita hereupeun para tamu. Létnan Satu Sujata nu keur dicaritakeun téh nya éta manéhna. Ngaran aslina mah Sujata Prana. Kungsi milu jibaku jeung pasukan Kamikazé. Babaturanna tulus jibaku téh, sedengkeun manéhna henteu, sabab kapal induk nu rék diancurkeun kaburu ngabeledug tiheula. Manéhna salamet, nepi ka ayeuna hirup kénéh. Tapi dina administrasi mah geus disebutkeun almarhum sabab geus nulis dina daptar pasukan nu baris jibaku. Sedengkeun ngeunaan bayonét, ku manéhna teu dibawa

jibaku, ngahaja diteundeun keur kenang-kenangan basa pertempuran Bougenvill cenah.

4.9.2 Tokoh jeung Penokohan

4.9.2.1 Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan

Tokoh anu ngalalakonan dina ieu carita nya éta:

- 1) Sujata Prana
- 2) Kolonéel Craff
- 3) Létkol Takéhara
- 4) Brigjén Otto Houwer
- 5) Létnan Okano
- 6) Laksamana Usagawa
- 7) Kaptén Meijima
- 8) Kaptén Harada
- 9) Létnan Okahara
- 10) Dr. Ahmad

Nu jadi tokoh utama dina ieu carita nya éta Sujata Prana. Tokoh tambahanana mah nya éta Létnan Okano, Laksamana Usagawa, Kaptén Meijima, jeung Kaptén Harada.

4.9.2.2 Ajén Patriotis Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan sarta Penokohanana

1) Sujata Prana

Kaptén Héiho Udara Priangan, Sujata Prana lénbér wawanénna basa keur jibaku jeung para tentara Jepang dina pertempuran ngalawan Walanda. Saperti anu kaunggel dina cutatan ieu di handap.

“Haté sumérédét kebek ku gerentes: ukur karang nu tagen ti jaman ka jaman! Aing..., sakeudeung deui paéh, jibaku! Ema...Bapa..., pileuleuyan. Demi kamerdékaan bangsa Indonésia jeung bangsa-bangsa Asia. Tata Jibaku!” (kaca 71)

Sanajan milu perang keur Asia Timur, keur Jepang, tapi da éta gé keur Indonésia kénéh. Sabab lamun Jepang meunang, Indonésia baris jadi nagara merdéka. Dina napas anu ampir panungtung, Sujata tetep beuki panceg tékadna téh. Hal ieu katitén dina cutatan ieu di handap.

Lelembutan, ngawih ririh, “majulah...majulah...tentara pembela, pahlawan Asia. Dan Indonésia Timur yang suci, musti merdéka...!” (kaca 72)

2) Létnan Okano

Babaturanna Sujata sasama tentara nu rék jibaku, némbongkeun sikep nu ihlas ngorbankeun nyawa pikeun kamerdékaan. Hal éta katitén dina cutatan ieu di handap.

“Létnan Okano ogé ngajak imut bari ngacungkeun peureup, nétélakeun buleud tékad.” (kaca 73)

3) Laksamana Usagawa

Salaku komandan, manéhna bisa mawa prajuritna kana sumanget juang pikeun nyangking kaonjoyan perang. Manéhna méré sumanget tempur demi kahirupan nu hurip keur pikahareupeun. Hal ieu katitén dina cutatan ieu di handap.

“Para Pahlawan Asia Timur Raya! Bral geura miang! Demi kamerdékaan bangsa-bangsa Asia, nu méh salawasna dirampas impérialis Barat! Ngaran hidep bakal diukir dina panto kaisar.” (kaca 72)

4) Kaptén Harada.

Kaptén Harada témbong pisan sumangét juangna téh. Manéhna nempatkeun posisi kahiji dina aksi jibaku. Tékadna nu buleud téh katitén dina cutatan ieu di handap.

“...Létnan Harada, no 1! Cenah.” Harada katémbong ngungkulan. Terus nyokot posisi gigireun. Katémbong ngacungkeun jempol bari nyarita, “Kaptén Sujata, punteun abdi ti payun!” (kaca 73)

5) Létnan Okahara

Sarua Okahara gé, manéhna némbongkeun kaihlasan lengitna nyawa pikeun kamerdékaan bangsana. Sikep nu ditémbongkeun ku manéhna dina ieu carita katitén dina cutatan ieu di handap.

“Létnan Okahara ngajak imut,” (kaca 72-73)

Éta sikep Okahara témbong basa Sujata keur ngarérét ka manéhna minangka teuteupan perpisahan, dina imut nu clik putih clak hérang nandakeun kaihlasan jiwa raga keur bélá pati sangkan musuh bisa kaélékheun.

4.10 “Kaméja Rangsak”

4.10.1 Ringkesan Carita

Létna Hamid, komandan pejuang nu katémbak palébah beungeut jeung sukuna. Manéhna dibawa tur dirawat di rumah sakit mangbulan-bulan. Mimitina mah diurus ku Bi Tarsilah, rahayat nu dititah ngurus ku tentara salila Létnan Hamid gering.

Nincek waktuna kaluar Rumah Sakit, Létnan Hamid tuluy digawé di imahna Dr. Washman, jadi jongos, ngaranna dirubah jadi Suja. Kungsi jadi illustrator majalah Sunda Suja téh, jadi sakapeung sok mapatahan Non Betty, anakna Dr. Wasman nu resep ngagambar. Ku Dr. Washman Suja tuluy diangkat jadi ilustrator di percetakan manéhna.

Sangges sababaraha lila digawé, sarta boga bekel cukup, manéhna kabur ti imahna Dr. Washman, balik ka Kesatuan rék nuluykeun perjoangan. Létnan Hamid dibagéakeun ku babaturanana, malah aya nu méré kado istiméwa, nya éta kaméja rangsak nu pinuh ku getih basa manéhna katémbak téa.

Hiji waktu, dina karéta, aya budak awéwé nu ngagorowok bari tuluy ngarontok. Horéng éta budak téh Non Betty téa. Manéhna keukeuh hayang Suja balik deui ka imahna, maksa jeung manja. Tapi Suja nerangkeun yén manéhna teu bisa, kudu berjuang. Ahirna, Non Betty ménta bungkusun nu keur dibawa ku Suja keur kenang-kenangan, kaméja rangsak téa. Puluhan taun ka hareup, éta kaméja téh geus dipajang di Museum di Belanda, nu ngintunna téh nya éta pelukis Dén Haag, Betty Washman.

4.10.2 Tokoh jeung Penokohan

4.10.2.1 Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan

Tokoh anu ngalalakonan dina ieu carita nya éta:

- 1) Létnan Hamid
- 2) Kopral Suta
- 3) Létnan Rusmana
- 4) Bi Tarsilah
- 5) Prajurit TNI
- 6) Overste Arifin Yusuf
- 7) Létnan Muda Johansen
- 8) Dr. Washman
- 9) Pamajikanna Dr. Washman
- 10) Non Betty
- 11) Mantri Rumah Sakit
- 12) Suster

Tokoh utama dina ieu carita nya éta Létnan Hamid anu boga ngaran samaran Suja. Tokoh tambahanana nya éta Kopral Suta, Létnan Rusmana, para prajurit, Dr. Washman, jeung Non Betty.

4.10.2.2 Ajén Patriotis Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan sarta

Penokohanana

1) Létnan Hamid

Saking ku sumangetna bajoang, dina kaayaan paciweuh di medan perang, Létnan Hamid masih bisa ngajalankeun tanggung jawabna hiji komandan. Manéhna kudu merhatikeun tur ngajaga anak buahna, bari manéhna aya dina posisi bahaya. Hal éta katitén dina cutatan ieu di handap.

“Héh, ulah cengkat, kasalamprat pélor!” Cék kuring ngingetan. Kuring sorangan nangtung dina lolongkrang patingseleberna pélor, teu inget pipaéheun saeutik ogé. (kaca 77)

Lian ti éta, manéhna ogé boga tékad anu kuat sangkan bisa ngahontal tujuan dina srtatégi perang anu geus dirarancangna, sok sanajan manéhna geus teu walakaya. Saperti anu kaunggel dina cutatan ieu di handap.

“Ukur cék hate: aing kabedil! Kadéngé pertempuran ngageder terus dibarung maju kénca katuhu. Dina hate aya kénéh kalimah nu nyésa: Kompi Barét Ijo kudu carem méméh pukul 6.00 isuk-isuk.” (kaca78)

Létnan Hamid boga pamikiran panjang dina nangtukeun stratégi perang. Manéhna kudu bisa ngéléhkeun Barét Ijo méméh jam 6.00 isuk-isuk sabab bisi kaburu datang balabantuan ti Barét Ijo. Hal éta katitén dina sempalan carita ieu di handap.

“...Targetna Kompi Barét Ijo kudu Di Pabrik Gula Madu Cikeruh kudu carem méméh pukul 6.00 isuk-isuk. Mun henteu kitu kaburu datang balabantuan mantén.” (kaca 77)

2) Kopral Suta

Kopral Suta lénbér wawanénnna dina pertempuran. Sanajan musuh ngémbratkeun pélor-pélor tina senjata-senjata canggihna, Kopral Suta tetep ngadeg di barisan pertahanan bari méré perlawanann. Hal ieu bisa ditingali dina cutatan ieu di handap.

“Bérerbét brén ti urang. Bérerbét ti musuh. Tortar bedil leutik. Granat blungbleng. Pray, bom sinar musuh caang. Barét Ijo ngangseg Dédéd...dédéd..., disapu ku brén Kopral Suta.” (kaca 77)

3) Para prajurit

Prajurit TNI pasukan Siliwangi gedé kawani dina pertempuran. Sok sanajan kaayaan musuh katingalina leuwih kuat, sumanget juangna teu éléh gesit jeung pélor-pélor Walanda nu patingbelesat dimana-mana. Situasi kitu katitén dina cutatan ieu di handap.

“Tapi Barét Ijo ngémbratkeun pélorona, asal baé. Barudak nu panghareupna tingkudupung kasambut. Barét Ijo cadu mundur. Tapi Siliwangi pantang ngejat di medan perang.” (kaca 77)

Prajurit TNI gé katingali daria pisan dina pertempuran. Maranéhna méakeun tanaga jeung kabisana sangkan bisa ngéléhkeun musuh. Hal ieu katingali dina cutatan ieu di handap.

“Barudak urang leuewih kesit ngagunakeun bayonet batan musuh nu jarangkung gedé.” (kaca 78)

4.11 “Pélor Sésa”

4.11.1 Ringkesan Carita

Dina hiji peuting, *kuring*, wartawan nu karék balik ti Subang rék ka Bandungkeun, eureun heula di Lémbang da rék meli jajamu. Didinya *kuring* panggih jeung Asmuna. Mimitina Asmuna nepungkeun manéh salaku pajuang. *Kuring* langsung waé hayang ngawawancara. *Kuring* diajak ka imahna Asmuna.

Di imah anu sarwa basajan, Asmuna kadon keukeuh ngajak ningali heula imah Jendral urut komandanna baheula. Éta Jéndral téh kungsi némbak Asmuna pédaห harita manéhna gagal ngabendung konvoi Inggris nu rék nyerang Lembang. Amarah komandan nu teu kabendung, langsung waé némbak Asmuna tanpa prosés pangadilan militer heula.

Barang nepi ka imah Jéndral, Asmuna langsung ngokang terus mgabekaskeun bedilna ka Jéndral nu kabeneran keur aya diluareun imahna. Asmuna ngaleungit. Puguh *kuring* reuwaseun pisan, sieun katempuhan. Untungna *kuring* moto heula Asmuna basa keur némbak Jéndral. Tapi kalah kumaha, *kuring* katempuhan tina kajadian éta, sabab euweuh deui batur di éta tempat iwal ti manéhna.

Jéndral téh bisa kénéh ditulungan. Manéhna *ngaintergasi* wartawan dibaréngan ku Kaptén CPM, Ketua PWI jeung LVRI sarta babaturanna *kuring* ti wartawan. *Kuring* nyaritakeun kajadian nu sabernera, tapi can puguh bérés, Jéndral ménta caritana dieureunkeun. Manéhna katingali ngadégdég. Komo pas pulisi séjén masrahkeun poto waktu Asmuna ngabedil Jéndral. Gening nu keur ngokang bedil téh lain Asmuna tapi rorongkong. Sanggeus ditéang deui, nu harita

disangka imah ku *kuring*, tééla éta téh makam, dina tetenggerna dingaranan Asmuna. Barang dibongkar pé dah rék dipindahkeun ka Ciwastra, diluhureun rorongkongna aya bedil nu nyésakeun pé lor hiji.

4.11.2 Tokoh jeung Penokohan

4.11.2.1 Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan

Tokoh anu ngalalakanan dina ieu carita nya éta:

- 1) Kuring
- 2) Asmuna
- 3) Jendral Mus
- 4) Ketua LVRI
- 5) Ketua PWI
- 6) Pulisi
- 7) Kaptén CPM

Kuring jadi palaku utama dina ieu carita. Nu jadi tokoh tambahanana mah nya éta Asmuna jeung Jéndaral Mus.

4.11.2.2 Ajén Patriotis Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan sarta Penokohanana

1) Kuring

Nincek di umur belasan taun basa keur usum perang téh. Manéhna ngilu berjuang saperti prajurit-prajurit TNI lainna. Lian ti tuntutan kaayaan, da ari nu teu niat berjuang mah, can tangtu milu perang. *Kuring* mah geus boga tékad

pikeun nanjurkeun kamerdékaan, ihlas masrahkeun jiwa ragana. Perjoangan nu tanpa pamrih demi kamerdékaan bangsana. Hal ieu katitén dina cutatan ieu di handap.

“Ngan ku lantaran harita budak kénéh, umur tilu belas taun saeutik abdi mah, teu meredih piagam sagala rupi.” (kaca 88)

Hal ieu gé dihaminan ku Asmuna, yén baheula dina usum peperangan téh teu saeutik budak umuran remaja nu geus milu berjuang, saperti anu katitén dina cutatan ieu di handap.

“Enya, padahal dina buktina réa budak umur dua welas taun nu samiuk! Réa nu bisa langsung mibus ka tangsi musuh!” (kaca 89)

2) Jéndral Mus

Salaku komandan, Jéndral Mus teu bisa ngontrol émosi. Sumanget juang nu aya dina dirina teu bisa dikontrol nepikeun ka ngorbankeun nyawa anak buahna sorangan. Saperti anu katitén dina cutatan perasaan Asmuna anu ngarasa keuheul ka nu jadi komandanna ieu di handap.

“Amarah komandan téh. Teu tatanya deui naon alesanna, jebrod wéh, akang téh dibedil.” (kaca 87)

“Enya. Teu dipariksa heula harita téh. Mun Akang dujagragkeun heula ka Pengadilan Militer mah, bisa manéhna nu dipecat.” (kaca 89)

Asmuna mémang kudu narimakeun naon anu geus jadi kaputusan komandan. Tapi dina hal ieu, Asmuna teu némbongkeun sikep éta. Asmuna ngarasa, sok sanajan manéhna gagal dina ngalaksanakeun tugas, tapi teu komandan teu kudu mawa karep sorangan, sabab eunggeus aya aturan nu tangtu.

4.12 “Nu Ceurik di Pasir Ipis”

4.12.1 Ringkesan Carita

Harita di Pasir Ipis kungsi aya kajadian. Héndrik, warga katurunan Cina nu sok jadi mata-mata Jepang atawa Walanda diculik ku Hamid jeung babaturanna sasama prajurit TNI. Manéhna mah teu bisa mihapékeun manéh cicing di Indonésia téh. Keur usum Walanda, mihak ka Walanda. Kitu ogé jaman Jepang, angger wéh manéhna mah sok aya di pihak musuh. Manéhna boga pancén pikeun ngabéja-béjakeun saha waé prajurit Indonésia nu ngabahayakeun musuh, nu tulunya jelema nu disarebutan ku manéhna téh diala pati ku musuh.

Barang Si Héndrik ditéwak di imahna, tuluy dibawa ka Pasir Ipis, manéhna ménta dihampura. Tapi harita Pasir Ipis geus dikepung ku Walanda, apaleun didinya téh wilayah TNI. Héndrik bakal dihampura sarta dijadikeun operator radio lamun bisa nitah Walanda mundur, lamun teu bisa kapaksa moal aya carita ngabébaskeun. Tapi basa Héndrik ménta panyalindungan, Walanda haré-haré. Héndrik teu dipaliré saeutik-eutik acan. Ahirna basa borogod Héndrik morosot, terus rék kabur, teu kaburu. Saméméh ditémbak ku prajurit TNI, manéhna kaburu ngajongkéng kasabet pélor Walanda.

Hamid nu geus mangtaun-taun cicing di Pasir Ipis, sakapeung sok ngdénéngé nu ceurik ari peuting. Na pikirna, boa-boa éta téh Si Héndrik cenah.

4.12.2 Tokoh jeung Penokohan

4.12.2.1 Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan

Tokoh anu ngalalakonan dina ieu carita nya éta:

- 1) Hamid
- 2) Komandan regu
- 3) Héndrik
- 4) Serdadu Walanda
- 5) Pamajikanna Héndrik
- 6) Prajurit

Nu jadi tokoh utama dina ieu carita nya éta kuring. Tokoh tambahanna mah ya éta Komandan regu.

4.12.2.2 Ajén Patriotis Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan sarta Penokohanana

1) Hamid

Hamid boga pamikiran panjang pikeun nyusun stratégi ngalawan musuh demi perjoangan. Pangpangna dina nyanghareupan mata-mata. Hal ieu katitén dina cutatan ieu di handap.

“Walanda mah urang gempur, Si Hendrik mah urang rebab! Walanda téh moal bisa nangkepan pejuang mun teu dituduh-tuduhkeun ku Si Héndrik.”
(kaca 95)

Kaceuceubna Hamid kanu jadi mata-mata katitén dina cutatan ieu di handap.

“Méntal sia ngan ukur rék nyogok baé, hah! Mana, cokot bedil jeung pélorona baé, duit mah teu butuh, na nyangka aing perlu ku duit. Loba di RI gé duit mah, butuh so téh ku bedil jeung nyawa sia..., jahat! Teu mihapékeun manéh, siah...!” (kaca 96-97)

2) Komandan regu

Komandan regu boga rasa ngéwa ka nu jadi mata-mata. Hal éta katitén dina cutatan ieu di handap.

“Heueuh ari kasebelan téh teu bisa mihapékeun manéh! Tapi da ari-ari Cina-Cina nu di republik mah pro urang Mid!”

3) Prajurit

Bari nyiksa ka Héndrik, bari ngapok-pokkeun yén kalakuan Héndrik téh bisa ngacaukeun perjoangan. Hal ieu pisan nu loba dihariwangkeun ku para pajuang. Hal ieu katitén dina cutatan ieu di handap.

“Sia ngacowkeun baé! Jaman Jepang pro Jepang, Jaman Walanda pro Walanda. Iraha sia rék pro ka bangsa aing, nu jagatna diluluh ku sia?” (kaca 97)

4.13 “Merdéka Tetep Gurka Diantep”

4.13.1 Ringkesan Carita

Dina beus Bandung-Sukabumi, teu kahaja Sersan Kurdi jeung Kopral Acep panggih. Maranéhna téh babaturan basa keur perang di Cimaremé ngalawan Gurka. Sersan Kurdi harita ngarasa teu ngeunah yén aya béja *merdeka tetep ari Gurka diantep*. Sersan Kurdi nyieun siasat pikeun nyangherepan Gurka. Kopral Acép deukeut jeung Sersan Kurdi téh. Dina peperangan, duanana boga sumanget juang anu gedé. Teu paduli menang atawa éléh, nu penting berjuang sakuat tanaga.

Geus tilu puluh taun merdéka téh. Ayeuna mah kopral Acép jadi tukang dagang, sedengkeun Sersan Kurdi mah pangsiunan guru SD. Duanana teu terus jadi TNI. Duanana hirup leuwih ti basajan kakolotnakeun, komo sersan Kurdi nu ngan ngandelkeun pangsiunan Guru. Padahal harita Sersan Kurdi kungsi milu perangna téh dimana-mana, malah bisa nyingraykeun anggapan Merdéka Tetep Gurka Diantep.

4.13.2 Tokoh jeung Penokohan

4.13.2.1 Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan

Tokoh anu ngalalakanan dina ieu carita nya éta:

- 1) Kopral Acép
- 2) Sersan Kurdi
- 3) Detasemen Momon
- 4) Para prajurit TNI

Nu jadi tokoh utama dina ieu carita nya éta Kopral Acép. Tokoh tambahanan nya éta Sersan Kurdi.

4.13.2.2 Ajén Patriotis Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan sarta Penokohan

1) Kopral Acép

Sumangét juangna Kopral Acép teu éléh ku Sersan Kurdi. Kopral Acép hayang milih senjata nu ampuh sangkan resep dina pertempuranna. Hal ieu katitén dina cutatan ieu di handap.

“Keur dina pertempuran ieu, hayang kabagéan bedil karabén Jepang, ngarah ngeunah kabedilkeunana, asa ngenyod ka hareup!” (kaca 102)

Jeung dina sempalan ieu di handap.

“Beaumont?Aduh...hébat! resep karohokna topi waja musuh baé meureun, bari terus crut-crét getih jeung polona.” (kaca 102)

2) Sersan Kurdi

Salaku pamingpin dina pertempuran, Sersan Kurdi geus rancagé dina ngararancang stratégi sangkan unggul di medan perang. Hal ieu katitén dina cutatan di handap.

“Ieu kabéh tatangkalan nu rajeg di sapanjang jalan rungkad-rungkadkeun, tuaran sina jadi barikade, nutupan jalan!” (kaca 102)

Perasaan bungangang yén geus kacipta pimeunangeun dina pertempuran alatan stratégina ditémbongkeun basa manéhna geus bérés ngareumpeuk sasak Citarum, saperti katitén dina cutatan ieu di handap.

Sersan Kurdi ngagakgak, bari terus nyarita, “Sok...,aya deui nu wani nyindiran: Merdéka tetep Gurka diantep!” pokna bari nulak cangkéng...(kaca 102)

Tidinya témbong sumanget juangna pikeun nyangking kamerdékaan sacara utuh.

Lian ti éta, salaku pamingpin, Sersan Kurdi ogé bisa ngahudangkeun sumangét ka anak buahna, saperti sumanget nu aya dina diri manéhna. Hal ieu katitén dina cutatan-cutatan ieu di handap.

“Kaarasa leungeun téh garéték, curuk ateul hayang geura ngabekaskeun bedil. Srod...maju saeutik kana sisi gawir, hayang sidik na enya musuh geus tarurun dina kendaraan.”(kaca 103)

“Musuh datang, urang tandang! Urang mandi getih. Ayeuna...kudu ditémbongkeun yén Gurka diantep merdéka tetep téh teu bener! Kopral Acép, siap!” pokna. (kaca 103)

Sersan Kurdi meureup mani buleud bari ngagorowok, “Hantam terus! Habiskan musuh. Saya mati paling depan!”(kaca 105)

4.14 “Geus Némbongan”

4.14.1 Ringkesan Carita

Kaptén Harlan nu keur geuring di Rumah Sakit ditepungan ku arwahna Wijnand. Tahanan Walanda nu dipencit ku manéhna, nepi ka buntung sirahna. Saméméh dipeuncit, Wijnand kungsi nyarita yén manéhna mah tentara kontrak, teu boga salah nanaon, malah manéhna ogé Muslim. Tapi kaptén Harlan teu maliré kana naon nu diomongkeunana. Komo ngadéngé paréntah komandanna yén tawanan mah ulah diajak ngobrol cenah, bisi timbul rasa karunya.

Cenah Wijnand téh mata-mata, tapi nepi ka waktuna dieksekusi ku Kaptén Harlan, can aya bukti nu ngabenerkeun hal éta. Bisa jadi Wijnand mémang teu boga dosa, tapi lain salah Kaptén Harlan, da manéhna mah ukur ngajalankeun paréntah.

Sigana arwah Wijnand panasaran. Hayang nepungan Kaptén Harlan pédaht saméméh nyawana pegat, Wijnand kungsi jangji, mun Kaptén Harlan geus deukeut kana waktuna mulang ka jati, manéhna rék némbongan.

Wijnand kadon seuseurian nu matak muringkakkeun bulu punduk. Manéhna mikeun sirahna nu buntung nu pinuh ku getih ka Kaptén Harlan. Sirahna diteundeun dina kasurna. Pokna, bisi butuh cenah. Kaptén Harlan teu bisa kumaha. Manéhna ukur cicing euweuh kakuatan saeutik ogé pikeun usik, bet ngagorowok gé teu bisa. Tapi sanggeus ngucapkeun teu daya teu upaya, anging Alohu nu kagungan. Wijnand ngaleungit.

4.14.2 Tokoh jeung Penokohan

4.14.2.1 Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan

Tokoh anu ngalalakonan dina ieu carita nya éta:

- 1) Kaptén Harlan
- 2) Jéndral Yokomimora
- 3) Wijnand
- 4) Algojo Jepang
- 5) Perwira Héiho
- 6) Dokter

Tokoh utama dina ieu carita nya éta Kaptén Harlan. Tokoh tambahanana nya éta Jéndral Yokomimora

4.14.2.2 Ajén Patriotis Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan sarta Penokohanana

1) Kaptén Harlan

Kaptén Harlan boga sumanget anti penjajah, sok sanajan manéhna keur jadi perwira Héiho. Hal ieu katitén dina cutatan ieu di handap.

“Eu..., enya da Jepang gé engké mah dibabad cék haté harita. Tapi hate ngagolak ku rasa ijdi ka Walanda jeung kulit putih umumna. Cék haté, Samuréy aing gé kudu sina nguyup geutih.” (kaca 112)

Leuwih katitén pisan ceuceubna Kaptén Harlan ka Walanda basa nepikeun amarahna ka tawanan Walanda nu rék diéksesi ku manéhna, saperti katitén dina cutatan ieu di handap.

“..., sabaraha ratus rébu bangsa aing nu paéh ku kekejeman bangsa sia salila ngajajah bangsa aing! Sabaraha kauntungan ti nagara aing nu dikukud ku nagara sia? Nu digunakeun keur kapentingan bangsa Walanda? Nu dikorupsi? Hahaha..., ayeuna datang mangsana aing males pati, mangmaleskeun kanyeri jeung kapeurih karuhun aing. Bangsa sia nu ngabalukarkeun bangsa aing tinggaleun dina sagala rupa kamajuan jaman!” (kaca 113)”

2) Jénderal Yokomimora

Komandan boga sikep anti penjajah sarta boga kahayang sangkan anak buahna na ogé mibanda rasa nu sarua. Hal ieu katitén tina paréntah komandan anu katitén dina cutatan ieu di handap.

“Ini, perwira-perwira Héihō supaya dikasi ieu rasa benci dan ditanam semangato anti penjajah, suru itu bunuh semua interuniran Orando, Orandajin!” (kaca 112)

4.15 “Oléh-oléh Pertempuran”

4.15.1 Ringkesan Carita

Oléh-oléh pertempuran nu dicaritakeun didieu nya éta sirah Gurka. Harita Jamhur jeung Harlan keur aya dina pertempuran ngarebut Bandung ti Walanda. Maranéhna keur nyieun siasat kumaha carana bisa asup ka Gedung kaséhatan Gurka. Jamhur leungeunna kabedil. Harlan nu kabeneran kungsi sakola Mantri Rumah Sakit bisa nyuntik pikeun nganéralisir bisi dina pélorna aya racunan. Tapi peralatanna euweuh, aya ogé di Gedung Kaséhatan nu keur dijaga ku Gurka.

Geus bisa diakalan kahayang asup ka Gedung Kaséhatan téh, iwal ti hiji, nya éta kudu boga topi Gurka. Tapi saméméh bisa nepi kana naon nu dituju, kaburu aya bom anu ngaburakrakeun medan tempur. Jamhur teu kasalametkeun, beunang ku éta bom. Sedengkeun Harlan mah ukur kapaéhan. Saméméh les teu

inget nanaon, Harlan ngarasa aya nu ninggang kana tonggongna, terus dijéwang ku manéhna nepi ka sadarna.

Horéng nu dijéwang ku manéhna téh sirah Gurka. Sigana saméméh tiwas, Jamhur motong heula sirah Gurka. Kitu nu aya dina pamikiran Harlan jeung babaturanna, sabab di gigireun sirah Gurka aya potongan samuréy nu Jamhur.

4.15.2 Tokoh jeung Penokohan

4.15.2.1 Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan

Tokoh anu ngalalakanan dina ieu carita nya éta:

- 1) Harlan
- 2) Jamhur
- 3) Kasmad
- 4) Kaptén Sungkawa
- 5) Sersan Sape'i
- 6) Prajurit TNI

Nu jadi tokoh utama dina ieu carita nya éta Harlan. Tokoh tambahanana nya éta Jamhur.

4.15.2.2 Ajén Patriotis Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan sarta Penokohanana

1) Harlan

Harlan boga sumanget juang anu gedé. Hal ieu katitén dina cutatan ieu di handap.

“..., lain rék dibales, tapi rék ngagebragkeun pertempuran. Mun bisa, rék ngancurkeun instalasi-instalasi militer musuh nepikeun ka kaduna ngadéngé yén Bandung karebut deui.” (kaca 116)

2) Prajurit TNI

Para prajurit TNI nu baroga sumanget juang sangkan bisa ngéléhkeun musuh demi nyangking kamerdékaan tina kungkungan penjajahan. Hal-hal di luhur katitén dina cutatan-cutatan ieu di handap.

“Wah mental unggul! Inisiatip pertempuran aya di urang. Pélor musuh teu dipaliré. Barudak narangtung lalumpatan muru musuh nu nyobanya ngungkulon wawanén perang.” (kaca 116)

“Barudak ngahuru gedong-gedong Bandung. Seuneu ngabela-bela ngaguruh. Témbong kalangkang Walanda nu ngan dua tilu léngkah maju, gebru nalambru kaburu disabet pélor.” (kaca 117)

4.16 “Kopral Hideung”

4.16.1 Ringkesan Carita

Omiharok, Si Dongkér, Kopral Hideung urang Papua nu kungsi jadi anggota OPM, jadi prajurit kapercayaanna Létnan Walanda, Harrie Van Daag. Sagala informasi tina gerakan-gerakan TNI pasti nepi ka Harrie ti Omiharok, jeung bener waé, tara aya informasi nu kaliru. Omiharok jeung Harrie geus jiga lain kasasaha deui, duanana geus sahakan sainum, nepi ka naon nujadi kalemahanna Harrie, salaku komandanna, Omiharok mah apal.

Hiji peuting Omiharok boga laporan ngeunaan TNI nu keur nyusun serangan di Saung Rangon cenah, di jero leuweung. Ngadéngé kitu Harrie langsung nyusun strategi serangan Saung Rangon, rapih pisan.

Nincek kana waktuna nyerang, serdadu Walanda nu geus boga strategi apik, teu bisa diperkirakeun, kadon éléh. Jaba jumlahna sapeleton, tapi bisa éléh ku TNI nu jumlahna teu sabanding jeung Walanda, malah leuwih saeutik. Nya ieu ogé nu ngalantarankeun Harrie diturunkeun pangkatna, salaku hukuman *kegagalan perang*.

Sanggeus Harrie ngalungguhan deui jabatan saméméhna, manéhna boga kahayang nepungan komandan TNI nu geus ngéléhkeun anak buahna, hayang ngobrol cenah..

Di markas TNI Létnan Harrie nepikeun kahayangna ka Kaptén Éka, alesanana mah rék diajak makan siang cenah. Naha ari dicalukkan ku Kaptén Éka, geuning nu jadi Komandan téh Si Kopral Hideng, Omiharok, Si Dongkér téa.

4.16.2 Tokoh jeung Penokohan

4.16.2.1 Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan

Tokoh anu ngalalakonan dina ieu carita nya éta:

- 1) Harrie Van Daggh
- 2) Omiharok
- 3) Kaptén Éka
- 4) Létnan Bramn
- 5) Tentara Indonesia

Nu jadi tokoh utama dina ieu carita nya éta Omiharok (kopral hideung).

Tokoh tambahanana nya éta tentara Indonésia.

4.16.2.2 Ajén Patriotis Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan sarta Penokohanana

1) Tentara Indonésia

Tékad bajoang nu gilig pikeun nanjurkeun kamerdékaan. Dina pertempuranna gé loba nu lóbér wawanénna nepi ka kudu adu harepan jeung musuh, duel. Hal ieu katitén dina cutatan ieu di handap.

“Tentara Imdonésia, maung-maung Siliwangi, rajleng laluncatan bari nyekel péso. Creb...creb.., ngénca ngatuhu newekan serdadu Walanda.” (kaca 124)

Tidieu katémbong wawanén anu lóbér ti para prajurit dina méakeun tanaga keur kapentingan perjoangan bangsana.

4.17 “Supir Mobil Mati”

4.17.1 Ringkesan Carita

Yunus, supir mobil mati dipesenan kudu datang ka bumina keluarga Jendral Adi. Almarhum Jéndral badé dikurebkeun dinten ieu. Alamatna di Jalan Lanréh no.11. Sanajan kurang apal kana alamat nu dibikeun, Yunus bisa nepi ka alamat éta lantaran dianterkeun ku panuduh jalan.

Di perjalanan ka kuburan, Yunus dibaturan ku hiji lalaki nu rék milu ngurebkeun. Singhoréng, éta lalaki téh Adi Harda, babaturan jaman keur perang harita, basa keur bubujangan kénéh. Baheula, Adi jeung Yunus kungsi boga jangji, dimana salahiji paéh tihela, kudu ngaririwaan. Tapi poé éta Yunus nempas, éta mah omongan keur budak kénéh, omongan bolon. Adi Harda kadon némbal, kuring mah mun paéh moal ngaririwaan, tapi rék ngabéjaan wungkul,

bari noel tanda urut kabedil na leungeun. Enya, apanan Yunus jeung Adi boga tanda urut kabedil dina leungeun basa keur paséa harita.

Barang nepi ka kuburan, Adi turun, rék milu ngurebkeun. Manéhna ninggalkeun alamat ka Yunus kana pésak bajuna. Basa rék mawa roko tina pésak, alamat Adi ragrag, terus dibaca. Tapi alamat Adi téh bet alamat kuburan nu bieu ngurebkeun mayit. Yunus ngarasa keueung, bari kana leungeunna aya nu nyelecep tiis. Gening nu maot téh Jéndral Adi Harda, sobatna nu bieu ngobrol dina mobil.

4.17.2 Tokoh jeung Penokohan

4.17.2.1 Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan

Tokoh anu ngalalakanan dina ieu carita nya éta:

- 1) Yunus
- 2) Adi Harda
- 3) Ema
- 4) Sana
- 5) Budak nu nuduhkeun jalan

Nu jadi tokoh utama dina ieu carita nya éta Yunus. Tokoh tambahanana mah nya éta Adi Harda.

4.17.2.2 Ajén Patriotis Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan sarta Penokohanana

1) Adi Harda

Mantan pejuang nu ngarasa ngéwa ka bangsa turunan Cina di Indonésia. Adi ngarasa ngéwa sabab Cina mah sok jadi mata-mata dina pertempuran. Kadang mihak ka Jepang, kadang ka Walanda. Hal ieu katitén dina ieu cutatan di handap.

“Sebel..ah, tong nyarita-nyarita Cina. Baheula keur urang babarengan perang, pan urang maéhan sababaraha urang Cina nu jadi kolaborator.” (kaca 132)

Adi ogé boga sikep wanian jeung luasan. Bakating ku ceuceubna ka mata-mata, Adi bisa wasa maéhan maranéhna kalawan kejem. Hal éta bisa ditingali dina cutatan saperti ieu di handap.

“Ah...dedegler Adi mah. Wani maéhan, jelema dipeuncit dina tuur. Iy..., abong-abong ka penghianat. Boa enya boa lain, da teu prosés pangadilan heula.” (kaca 134)

4.18 “Tepung ‘na Taweran Mesjid Agung”

4.18.1 Ringkesan Carita

Létnan Satu TNI Adi Kusumah, jadi tawanan Walanda. Manéhna mindeng disiksa ku militer KNIL urang Suriname. Adi Kusumah ngarasa ngéwa pisan ka éta KNIL, pédaħ manéhna mah teu asa-asa ari nyiksa téh, padahal teu boga wewenang sama sakali. Jaba omonganana gé kasar.

Hiji waktu, Adi keur maca buku kamus politik. Ku éta KNIL buku téh rék dibawa, ulah dibaca pajar téh. Kusabab boga dua, ku Adi dibikeun, bari ngahaja ogé ngaméh manéhna sadar yén manéhna nu turunan Suriname, nu sakocoran

kénéh jeung urang Indonesia, ulah daék jadi bangsa nu aya dina bayang-bayang penjajah. Dina éta buku, nyaritakeun yén urang kudu boga kahayang pikeun merdéka. Jeung kudu bisa *mempertahankan* kamerdékaan. Tong siga urang Suriname, nu teu boga kahayang pikeun merdéka. Sangges sababaraha poé ti harita, enya waé bener, kulantaran éta buku, éta KNIL téh jadi rada bédå, rada teu olo-olo, malah tara hahaok deui.

Sababaraha taun geus kaliwat. Adi Kusumah keur tarawéhan di Masjid Agung. Kabeneran panggih jeung KNIL basa jadi tawanan harita tea. Gening éta KNIL téh ngaranna Ahmad Patribo. Ayeuna mah manéhna ceuceub ka Walanda téh, malah ayeuna manéhna cicing di Indonésia.

4.18.2 Tokoh jeung Penokohan

4.18.2.1 Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan

Tokoh anu ngalalakanan dina ieu carita nya éta:

- 1) Adi Kusumah
- 2) Ahmad Patribo
- 3) Pulisi CP

Tokoh utama dina ieu carita nya éta Adi Kusumah. Tokoh tambahanana nya éta Ahmad Patribo.

4.18.2.2 Ajén Patriotis Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan sarta Penokohanana

1) Adi Kusumah

Adi boga pamahaman ngeunaan status hiji bangsa lantaran sok maca buku-buku ngeunaan politik. Manéhna boga kahayang sangkan jelema-jelema nu katungkup ku penjajahan, pikiranana bisa leuwih muka ngeunaan bangsa merdéka. Hal ieu katitén dina cutatan-cutatan ieu di handap.

“Rék dibikeun wé, da aing boga dua. Mun dibikeun sugar baé dibucubaca, karunya sina hudang patriotismeuna, supaya timbul kahayang pikeun jadi bangsa merdéka.” (kaca 139)

Nu dimaksud *rék dibikeun* di luhur nya éta buku kamus politik.

“Ku kuring diasongkeun. Haté surak, hag siah..., dibéré racun. Manéhna bakal sadar yén statusna bangsa jajahan. Ku maca buku éta kahayangna pikeun merdéka bakal melentis sirungan dina ati sanubarina. Isuk atawa pagéto manéhna bakal robah sikep, bakal ngajénan ka bangsa nu keur berjuang nanjurkeun kamerdékaan.” (kaca 139)

“Kata-katamu itu salah Ahmad! Indonesia sudah merdéka sejak 17 Agustus 1945. Tiap Negara merdéka tidak anéh kalau berjuang mempertahankan kemerdekaannya.” (kaca 140)

4.19 “Supata”

4.19.1 Ringkesan Carita

Sersan Kuswara keur nungguan pamajikanna ngalahirkeun di Rumah Sakit, tapi pas anakna lahir ramo-ramona ngarangkep. Leng...atuh manéhna téh ujug inget ka mangsa harita, mangsa peperangan. Manéhna kungsi ditugaskeun ngaéksesi Majénda, mata-mata nu leungeunna buntung, nu katéwak tapi teu bisa dipaéhan pédaht manéhna weduk. Teu terak ku pélor jeung péso atawa bedog jeung sabangsana.

Basa nyangharepan Majenda, Kuswara paréa-réa omong heula. Majar téh Majénda lain mata-mata, teu ngaku-ngaku, tapi mun ngobrol sok rada negtreg manéhna mah, rada ngalawan. Geus teu kudu ditanya deui, Kuswara ngabekaskeun péstolna, kena kana tarangna, tapi nyolédat. Nu kadua kalina, sarua kitu deuih teu terak deui waé. Tungtungna nu katilu mah Si Majénda poho sakalimah dina élmu kawedukanna. Jadi, Majénda paéh saharita. Tapi saméméh paéh manéhna nyumpahan ka Sersan Kuswara, dimana éngké boga anak, leungeunna bakal buntung cara manéhna.

Sersan Kuswara kagerewahkeun deui ku dokter nu keur disanghareupanana téa. Cenah teu kunanaon rapet ogé, da tiasa diopersi. Kaluar ti Rumah Sakit, Sersan Kuswara ngarasa anéh, asa ngadéngé deui sora Majénda, nu keur nyengserikeun manéhna siga nu mpuas.

4.19.2 Tokoh jeung Penokohan

4.19.2.1 Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan

Tokoh anu ngalalakanan dina ieu carita nya éta:

- 1) Létnan Kuswara Kusumah
- 2) Dokter
- 3) Supir
- 4) Bidan
- 5) Kaptén Sunandar
- 6) Nu ngajaga tahanan

Nu jadi tokoh utama dina ieu carita nya éta Létnan Kuswara Kusumah. Tokoh tambahanana nya éta Kaptén Sunandar jeung dokter.

4.19.2.2 Ajén Patriotis Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan sarta Penokohanana

1) Létnan Kuswara Kusumah

Létnan Kuswara boga rasa ceuceub ka nu jadi mata-mata. Dina pamikiran Létnan Kuswara, mata-mata téh bakal jadi ancaman keur kahirupan bangsa. Hal ieu katingali dina sikep manéhna basa diparéntahkeun pikeun ngaéksekusi tawanan mata-mata saperti dina cutatan ieu di handap.

“Nu aya dina uteuk kuring paréntah pikeun maéhan anjeun. Lantaran anu kasebut kolaborator téh bahaya keur engkéna, turunanana téh bakal jadi mamala pikeun lemah cai, dina sagala pikiranana bakal leuwih condong ka Walanda. Ngomongna gé teu mustahil wawalandaan, ngahinakeun basa sorangan.” (kaca 145)

4.20 “Péstok Leutik Pérah Beureum”

4.20.1 Ringkesan Carita

Intelijén Jepang Masumi, cicing di Indonesia. Manéhna boga tugas pikeun néangan sarupaning informasi-informasi ngeunaan rahasia atau data-data Walanda nu bisa dipaké pikeun ngaruntuhkeun Walanda. Masumi cicing di toko Kyodo milik Jepang, nu sabenerna mah éta toko téh markas Intelijén Jepang. Didinya Jepang gawé bareng jeung pihak Indoësia, nya éta juragan Tirtaatmadja pikeun nyusun rencana dina nagéléhkeun Walanda.

Juragan Tirta meunang béja yén Kolonel Bernds, gegedén militer Hindia Walanda boga anak nu ngaranna Zusan. Leungeunna bisa dipaké pikeun ngoréhan rahasia-rahasia militér Walanda. Carana nya éta ditepungkeun jeung budak Walanda deui, Si Yan. Sangkan bisa ngahijikeun Yan jeung Zusan, Yasumi jeung Tirtaatmadja ngahaja manggihkeun heula Amos, nu sok babantu di Kyodo. Singkat carita Yan geus bobogohan jeung Zusan, panglayarna Amos. Yan nu geus deukeut ka Kyodo, beuki remen mawaan barang-barang keur béréeun ka Zusan. Barang hutangna geus salaput hulu, Yan kajebak. Manéhna dititah ngagunakeun leungeun Zusan pikeun nginjem dokumén-dokumén bapana. Lamun teu bisa, nyawana kaancam. Ahirna Yan bisa nedunan kahayang Yasumi sabab Zusan bisa nginjemkeun dokumén anu ku Yan dipikabutuh.

Lantaran hal éta, Walanda kacaritakeun éléh dina pertempuran Asia Timur Raya, malah frontal Walanda na ogé ukur kuat saminggu.

4.20.2 Tokoh jeung Penokohan

4.20.2.1 Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan

Tokoh anu ngalalakanan dina ieu carita nya éta:

- 1) Létnan Yasumi
- 2) Juragan Tirtaatmadja
- 3) Amos Matirana
- 4) Yan
- 5) Kolonel Bernds
- 6) Babuna Kolonel Bernds

7) Zusan

Tokoh utama dina ieu carita nya éta Juragan Tirtaatmadja jeung Létnan Yasumi.

4.20.2.2 Ajén Patriotis Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan sarta Penokohanana

1) Juragan Tirtaatmadja

Juragan Tirta boga kahayang nu gedé pikeun nanjurkeun kamerdékaan. Manéhna teu bisa toléransi lamun Jepang nepi ka poho kana jangji kamerdékaan nu kungsi dibikeun ka Indonésia. Hal-hal di luhur katitén dina cutatan ieu di handap.

“Tapi, Létnan Yasumi moal lali kana maksad bangsa Indonésia! Ngabantuan padamelan kieu téh, sangkan kakawasaan Walanda di Indonésia énggal-énggal runtag, demi kamerdékaan Indonésia.” (kaca 150-151)

Méntal Juragan Tirta méntal pejuang. Perasaan nu gilig pikeun nanjerkeun kamerdékaan katitén dina cutatan-cutatan ieu di handap.

“Jiwa kuring jiwa merdéka. Genersi kuring keur berjuang nanjurkeun kamerdékaan. Kolébatna geus katémbong!” (kaca 151)

“Kasorang kitu jadi bangsa Indonésia nu merdéka téh moal. Ah, baé teu kasorang ku sorangan ogé, asal ku anak-incu wé! “ cék Tirta. (hal 151)

Tidieu katingali pisan yén Juragan Tirta boga niat baojang nu buleud. Rék usaha satékah polah heula dina perjoangan, sok sanajan nu ngarasakeun hasilna mah generasi sapandeurieunana. Nu penting tujuan pikeun nyangking kamerdékaan kudu terus diusahakeun.

4.21 “Héot És Lilin”

4.21.1 Ringkesan Carita

Harlan Supangkat keur jalan-jalan di nagri Jepang. Manéhna mapay-mapay kota bari jalan-jalan. Di palebah toko potrét, manéhna héran kacida. Bet asa ngadéngé sora nu héhéotan, tapi lagu És Lilin. Lagu Sunda tapi dihaleuangkeun di Jepang. Asup ka toko potrét éta, Supangkat ngarasa wawuh ka lalaki nu ngahéot téh. Ku Supangkat éta lalaki ditanya bari ditebak ngaranna. “Létnan Mitohasi!” cenah. Sontak lalaki éta téh reuwas, naha bet bisa katebak.

Supangkat ngingetkeun manéhna yén dina sirah Létnan Mitohasi aya céda urut dibabuk ku anak buahna basa keur ngarebut senjata. Ingeteun ayeuna mah, yén turis anu aya di tokona sarta ngaku wawuh ka manéhna téh nya éta Harlan Supangkat. Pamingpin Pasukan Pejuang Kemerdekaan Indonésia nu nyerang pasukan Jepang sangkan masrahkeun senjata-senjata pasukanana saméméh dibawa ku Inggris. Létnan Mitohasi harita kapaksa dibabuk maké ranté ku anak buah Supangkat pé dah teu mikeun samuréy kadeudeuhna.

Geus kitu mah duanana silih gabrug, komo Mitohasi kacida bungahna sabab teu nyangka bakal panggih deui jeung manéhna.

4.21.2 Tokoh jeung Penokohan

4.21.2.1 Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan

Tokoh anu ngalalakanan dina ieu carita nya éta:

- 1) Harlan Supangkat
- 2) Létnan Mitohasi

3) Létnan Uwéda

4) Létnan Basar

5) Prajurit TNI

Nu jadi tokoh utama dina ieu carita nya éta Harlan Supangkat. Tokoh tambahanana nya éta Létnan Basar jeung anggota prajurit TNI.

4.21.2.2 Ajén Patriotis Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan sarta Penokohanana

1) Harlan Supangkat

Supangkat téh pamingpin pasukan anu tegas. Basa senjata nu dijanjikeun ku pihak Jepang encan dibikeun waé, manéhna nyusun serangan kalawan alesan saperti katitén dina cutatan ieu di handap.

“Saya pemimpin Pasukan Kemerdekaan Indonésia. Kami perlu senjata buat melawan Inggris yang masuk Bandung ini. Kami tidak mau dijajah Inggris dan Nippon tidak mau lagi melawan Inggris!” (kaca 164)

2) Prajurit TNI

Para prajurit TNI boga sumanget juang nu ngagedur dina pertempuran. Hal ieu katitén dina koméntarna Létnan Basar jeung aksi-aksi maranéhna saperti katitén dina cutatan-cutatan ieu di handap.

“Heueuh, meungpeung sumanget perang barudak keur meujeuhna ngagedur!” (kaca 163)

“Barudak tinggorowok, ménta sangkan Jepang masrahkeun pakarang perangna,” (kaca 164)

“Barudak mimiti nékad, jlungjleng ngaluncatan pager, muru Jepang di unggal perlindunganana.” (kaca 164)

4.22 “Cipanon Handapeun Hantap”

4.22.1 Ringkesan Carita

Ki Hantap téh sabeberna mah landihan. Nu dimaksud ku Ki Hantap nya éta Sersan Karman. Manéhna téh kungsi jadi anggota KNIL. Basa keur dipasar, Karman ambek ka serdadu Walanda nu ngaruksak bandéra Merah Putih dina umbul-umbul kéréték tukang délman sarta diwewelkeun kana bahamna pé dah ngahalangan jeung ngadupak téngna. Karman teu bisa narima hal éta. Sok sanajan manéhna KNIL, tapi manéhna wani negtreg ka Walanda. Harita Karman disiksa ku para serdadu Walanda. Tapi ku manéhna dibales deui. Hiji serdaduna tiwas. Terus manéhna kabur ka TNI bari mawa senjata-senjata serdadu Walanda katut mobilna. Mun katarima, manéhna hayang jadi TNI. Atawa rék jadi tawanan gé teu nanaon, da ku bangsa sorangan ieu h ditahanna gé, daripada ku Walanda.

Ku Komandan Kompi Markas, Karman ditarima. Luyu jeung paméntana, Karman ukur jadi prajurit. Cenah mah hayang ngamimitian ti enol. Di kesatuan, Karman disiplin pisan, taya pisan sikep nu matak nguciwakeun komandanna. Ngan hanjakal, manéhna sok remen diomongan ku babaturanna. Pira keur sangu sapiring, teu kudu mihapékeun beuteung ka musuh. Mimiti mah Karman ngantep, nguat-nguat manéh. Tapi hiji waktu manéhna gilig rék kaluar ti TNI. Rék nyorangan cenah. Karman boga cara séjén pikeun nebus dosana anu kungsi biluk ka musuh.

Tungtungna, Karman meunang Surat Keterangan Bebas Tugas (SKBT). Tidinya Karman hirup sorangan di pasision, cenah moal unggah balilahan nepi ka paéhna. Karman ngadegkeun saung gigireun tangkal hantap. Sapopoéna Karman ngurus kebon, nepi ka kebonna ngalegaan. Tidinya wéh nelah Ki Hantap ka Karman téh. Tuluy Karman ngadegkeun sakola pemberantasan buta hurup. Kadieunakeun Karman ogé ngadegkeun SD.

4.22.2 Tokoh jeung Penokohan

4.22.2.1 Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan

Tokoh anu ngalalakanan dina ieu carita nya éta:

- 1) Sersan Karman
- 2) Ki Ranta
- 3) Létnan Muda Sukiman
- 4) Serdadu Walanda
- 5) Nibert
- 6) Prajurit TNI
- 7) Komandan Batalion
- 8) Kokolot Buhri
- 9) Muri-muridna Karman

Tokoh utamana dina ieu carita nya éta Karman. Tokoh tambahanna mah nya éta prajurit TNI nu jadi babaturan anyarna Karman.

4.22.2.2 Ajén Patriotis Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan sarta Penokohanana

1) Sersan Karman

Sok sanajan Sersan Karman anggota serdadu KNIL, manéhna nyaah pisan ka lemah cai Indonésia téh. Haténa teu mikeun lamun bandéra Mérah Putih salaku lambang Nagara manéhna dihina ku batur. Hal ieu katitén dina cutatan ieu di handap.

“Alah..., kurang ajar! Bandéra bangsa aing disasaak! Ya Allah, itu terus diwewelkeun kana sungut tukang kérétékna. Ku euweuh TNI atuh deuih ieu téh! Mun bedil kadinya, TNI! Ka marana atuh, itu bandéra Mérah Putih di wewejet musuh! Cék Karman dina haténa.” (kaca 168)

2) Prajurit TNI

Para prajurit TNI nu jadi babaturan anyarna Karman, sakapeung némbongkeun sikep nu teu dewasa ka Karman. Manéhna teu bisa narima babalik pikirna Karman nu jadi anggota TNI. Lain ku sebel-sebel teuing ka Karmanna, tapi ceuceub kana sikepna nu biluk ka musuh, nu kungsi jadi penghianat bangsa pédaah jadi anggota KNIL. Hal ieu katitén dina cutatan-cutatan ieu di handap.

“Ka déwék wé atuh mihapékeun beuteung mah, pira gé kéjo sapiring!” (kaca 169)

Koméntar éta kaluar basa Karman nyebutkeun alesan manéhna jadi tentara Walanda pédaah keur néang keur dahar.

“Man énté mah beurat saratna hayang jadi TNI téh, bedil lima, brén hiji, jeung power hiji! Déwék mah, teu bisa kitu, ukur boga tékad berjuang wé wungkul. Karman boga tékad berjuang? Mun boga gé moal jdi KNIL, lin...” (kaca 170)

Babaturanna nu di TNI ayeuna nganggap yén Karman teu boga tékad bajorang siga maranéhna.

4.23 “Kasarad”

4.23.1 Ringkesan Carita

Aya hiji wartawan urut pajuang anu mindeng kasarad, nya éta Hamid. Manéhna sok ngalaman hal-hal gaib nu teu biasa kaalaman ku ilaharna jalma. Hiji waktu manéhna rék ngayakeun studi perbandingan kapariwisataan ka Surabaya. Manéhna jeung rombongan, opat puluh wartawan Bandung, indit maké karéta.

Dina perjalanan, babaturanna mah geus sararé. Ma'lum wé da perjalanan peuting. Kadéngéun ku manéhna aya panumpang nu muka panto gerbong tukang, pindah ka harep, nangtung gigireun manéhna. Éta panumpang téh bet make ali stémpel HMD. Sarua jeung ali manéhna nu kungsi diinjem ku Kantari basa keur perang. Singhoréng nu ngajanteng téh nya éta Si Kantari. Padahal Hamid mah nyangkana Kantari téh geus euweuh dikieuna, da geus kagiles ku téng harita téh.

Kantari ngajak ka Hamid miluan Apél Serunai 45, saeuncan jam dua belas peuting di Sono Rogo. Hamid disamper di hotel ku Kantari. Loba pisan nu milu apél téh. Rencanana, peuting éta rék diputer pilem dokuméntér tanggal 10 Nopémber 1945. Tapi kaburu hujan ngagebrét, pilem teu jadi diputer. Barang dirérét, si Kantari geus euweuh. Sono Rogo kosong. Hamid kakara sadar yén manéhna aya di kuburan. Les kapiuhan. Isukna, Hamid sabatur-batur ningali tempat manéhna kasarad. Tétéla, éta téh kuburanna Si Kantari. Dina kuburanna

aya nu bolong ngagurilap ku sorot panonpoé. Ari dibawa téh gening ali stémpel téa, nu diinjem ku Kantari. Sigana Si Kantari téh rék mulangkeun ali ka Hamid.

4.23.2 Tokoh jeung Penokohan

4.23.2.1 Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan

Tokoh anu ngalalakonan dina ieu carita nya éta:

- 1) Hamid
- 2) Kantari
- 3) Létnan Maja
- 4) Pasukan Berani Mati Jawa Barat
- 5) Drs. Nurya
- 6) Sékwan DPRD
- 7) Samsa
- 8) Drs. Akti

Tokoh utama dina ieu carita nya éta Hamid. Tokoh tambahanana nya éta Kantari.

4.23.2.2 Ajén Patriotis Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan sarta Penokohanana

1) Hamid

Hamid, sabalad jeung Kantari dina pasukan Berani Mati Jawa Barat. Manéhna boga sumanget juang pikeun ngarebut kamerdékaan di bumi pertiwi. Hal ieu katitén dina cutatan ieu di handap.

“Kuring ngalangsud gigireun Létnan Maja, Komandan Pasukan Berani Mati tea. Taneuh leueur ku getih. Tonggong jégang, getih musuh geus tuhur... ” (kaca 174)

2) Kantari

Kahayangna pikeun békéla ka lemah cai, nepi ka rék jibaku sagala, némbongkeun yén Kantari téh pajuang nu gigih. Manéhna rék békéla pati pikeun kamerdékaan nagarana. Tékad nu kuat éta téh katitén dina cutatan-cutatan ieu di handap.

“Mid, béjana silaing mah weduk, pédaah make ali stémpel HMD. Déwék rék nyuruduk musuh ka hareup. Hayang teu teurak ku pélor, béré nginjem sok!” Cék si Kantari. (kaca 174)

Dina pertempuran, Kantari teu maliré ka komandanna, bakating ku sumanget bajoang. Hal ieu katitén dina koméntar komandanna saperti nu kaunggel dina cutatan ieu di handap.

“Mid, kopral Kantari gusur sukuna ka tukang. Miheulaan baé,” cék Létnan Maja. (kaca 174)

Basa pertempuran keur genting, dimana pasukan Indonésia keur paciweh nyalametkeun diri, Kantari tetep ngangseug, ngalahangan jajalaneun téng nu pangharepna.

“...Eta dina cangkéngna pinuh ku granat,” Cék kuring. Kopral Kantari Katémbong ngacungkeun leungeun bari meureup. Merdéka!” cénah. (kaca 175)

Kantari ngabuktikeun omonganana, yén manéhna niat jibaku ku cara ngancurkeun téng musuh.

Tabél 4.3
Analisis Tanda Ikon
Kumpulan Carita Pondok Oléh-oléh Pertempuran

No	Kode	Objék Analisis	Interprétasi
1	1/14/30/I/TT	Bijilkeun Létnan Séra, Si <i>Bénjol...urang cacag!</i>	Si <i>Bénjol</i> dina kalimah ieu maksudna mah nuduhkeun urang Jepang, sabab Jaman baheula urang Jepang ku rahayat Indonésia dilandih <i>Si Bénjol</i> .
2	8/42/48/IV/TU	Ngécé euy, béjana maké aya bistélan nu ditujukeun ka pingpinan-pingpinan pemuda Bandung, eusina <i>alat-alat kosmétik</i>	Kecap <i>alat-alat kosmetik</i> dina ieu kontéks mangrupa ikon nu eusina sindiran yén para pemuda Sunda diibaratkeun awéwé nu sok ngageulis waé, nu teu boga kahayang pikeun ngilu andil dina pertempuran ngalawan penjajah nepi ka wilayah Bandung bisa

			direbut ku Walanda
3	12/116/9/XIV/TU	Ras inget tugas téh kudu bisa ngajawab Arék-arék Surabaya nu ngalédék, ngirim bistelan ka pemuda Bandung	Alat kosmétik dina kontéks ieu mangrupa ikon tina pakakas-pakakas kaperluan wanoja dina mapáés tur mamantes dirina, dijadikeun sindiran ku pamuda Surabaya ka pamuda Sunda anu geus teu bisa mertahankeun Bandung nepi ka bisa direbut kakawasaanna ku Walanda
4	14/119/52/XIV/TU	“Kasebelan, naon ieu téh? Gening <i>hulu Gurka</i> !” “Éh, lain beunang silaing, ngahaja neukteuk keur oléh-oléh pertempuran?”	<i>Hulu Gurka</i> dina ieu kontéks mangrupa ikon nu ningalikeun bagian tina mayit serdadu séwaan Inggris asal India nu dipencit ku prajurit TNI.

Keterangan Kode:

13/119/52/XIV/TT

- 1) 13: nomer urut
- 2) 119: kaca
- 3) 52: paragrap
- 4) XIV: urutan carita pondok (judul ka-14)
- 5) TT: Tokoh Tambahan
(TU): Tokoh Utama

Keterangan Urutan Judul Carita Pondok:

- I. “Harta Karun”
- II. “Nu Teu Daék Mulang”
- III. “Penghianat”
- IV. “Maéhan Bapa Sorangan”
- V. “Sasak Gantung”
- VI. “Pélor Kayu Gabus”
- VII. “Ali Emas ‘na Kotakan”
- VIII. “Bayonét”
- IX. “Kaméja Rangsak”
- X. “Pélor Sésa”
- XI. “Nu Ceurik di Pasir Ipis”
- XII. “Merdéka Tetep Gurka Diantep”
- XIII. “Geus Némbongan”
- XIV. “Oléh-oléh Pertempuran”

- XV. “Kopral Hideung”
- XVI. “Supir Mobil Mati”
- XVII. “Tepung ‘na Taweuran Masjid Agung”
- XVIII. “Supata”
- XIX. “Péstol Leutik Pérah Beureum”
- XX. “Héot És Lilin”
- XXI. “Cipanon Handapeun Hantap”
- XXII. “Kasarad”

Tabél 4.4
Analisis Tanda Indéks
Kumpulan Carita Pondok Oléh-oléh Pertempuran

No	Kode	Objék Analisis	Interprétasi
1	2/14/32/I/TT	Rahayat sangsara ku dahareun, <i>geus loba nu disamping karét.</i> Jepang kudu dibasmi!	Kontéks ieu wacana mangrupa indéksikal tina kaayaan rahayat Indonésia anu bener-bener werit, sangsara waktu keur dijajah ku bangsa Jepang. Pakéan gé saaya-aya, nepikeun ka samping ogé dijieunna tina karét.

2	3/15/39/I/TT	Létnan Séra <i>ceurik getih</i> . Enyaan, bijil getih tina panonna, anak buahna kabéh dicacag ku pasukan rahayat	Frasa <i>ceurik getih</i> némbongkeun kaayaan haté Létnan Séra anu pohara nyerina pé dah sakabéh anak buahna geus tiwas dicacag ku pasukan rahayat dina pertempuran.
3	4/24/19/II/ TU	Enya da <i>jiwa samuréy</i> nu ngancik ‘na diri kuring teu lééh-lééh, batan lééh kalah ka ngagedur ngaléntaban haté	Indéksikal dina kontéks ieu téh mangrupa sumanget juangna Isana Takashi (Opa), salaku tentara asal Jepang nu milu bajoang di Indonésia, teu ngurangan sabab manéhna murni hayang perang ngabéla nagarana sok sanajan milu di kesatuan nagara séjén
4	5/27/43/II/TU	Didinya kuring sayaga, jadi pramuka pertiwi! Indonésia bangsa kuring, bangsa jeung lemah cai kuring	Kontéks didieu mangrupa indeksikal ti diri Opa nu masrahkeun jiwa ragana békéla ka lemah cai Indonésia, nu méré tempat

			ka manéhna pikeun milu bajoang ngalawan Sekutu nu ngéléhkeun nagarana.
5	7/41/35/IV/ TT	Persétan...antara Supangkat jeung kolabodator, satru kabuyutan, mun beunang taya hampura, taya karunya...dipodaran!	Kontéks ieu wacana mangrupa indéksikal tina perasaan ngéwa Supangkat salaku prajurit TNI ka kolaborator, nu jadi <i>musuh</i> <i>dalam selimut</i> , nu ngabahayakeun cita-cita perjoangan kamerdékaan
6	9/71/37/VIII/TU	Télérék, bandéra perang diérét nepi ka puncak tihang. Sorosod diturunkrun deui nepi ka tengahna. Térélék bandéra Jepang diérét. Dina tihang kéncaeunana geus ngélébét leuwih ti heula Mérah Putih, nu kekebutna karasa kana hate, ngusapan!	Kaayaan saméméh pasukan Kamikazé indit Jibaku dina wacana ieu mangrupa indéksikal yén aya tentara ti Indonésia nu ihlas jiwa raga milu Jibaku di médan perang Asia Timur Raya pikeun ngancurkeun kapal-kapal Induk Walanda di sagara lautan demi kamerdékaan bangsa-bangsa Asia

7	10/105/39//XII/TU	Sersan Kurdi meureup mani buleud bari ngagorowok, “hantam terus! Habiskan musuh. Saya mati paling depan!”	Leungeun nu dipeureupkeun téh mangrupa indeksikal tina kabuleudan tékad ngalawan penjajah bari ngahudangkeun sumanget juang ka anak buahna
8	11/112/40/13/TU	Eu..., enya da Jepang gé engké mah dibabad cék haté harita. Tapi haté ngagokan ku rasa ijid ka Walanda jeung kulit putih umumna. Cék hate, “Samuréy aing gé sina nguyup getih”	Kontéks wacana ieu némbongkeun ceuceubna prajurit Indonésia ka bangsa-bangsa anu geus ngajajah bangsana
9	13/116/11/XIV/TU	Éta Inggris nu teu uyahan mah bet daék <i>katumpangan</i> <i>ku tantara Walanda</i>	Wacana ieu mangrupa indeksikal tina perasaanna bangsa Indonésia nu ngahandueulkeun Inggris datang ka Indonésia dibarengan ku Walanda,

			nu hayang ngarebut deui tanah jajahanana
10	15/120/67/XIV/TU	Pakét alat kosmetikna urang bales ku <i>hulu Gurka jeung samuréy</i> potong	Hulu Gurka jeung samuréy potong nu dijadikeun oléh- oléh pertempuran ku pemuda Bandung waktu bias ngarebut Bandung ti Walanda. Hal ieu mangrupa indéksikal tina kahayang males kiriman bistélan kosmétik Arék- arék Surabaya nu nyindir pé dah Bandung karebut ku Walanda lantaran para pemudana caricing.
11	16/125/34/XV/TT	Bandéra PBB ngélébét di bumi Irian, Gigireunana maké bandéra Walanda, beureum, bodas, bulao. Tapi di pasisian, mérah putih patingkélébét, ciri Irian Bumi	Indéksikal dina kontéks ieu nya éta gambaran yén rahayat Irian ngarasa manéhna gé mangrupa sélér bangsa ti Nagara Kesatuan Republik Indonésia

		Nusantara	
12	17/168/17/XXI/TU	<p>Alah... kurang ajar!</p> <p>Bandéra bangsa aing disasaak! Ya Allah, itu terus diwewelkeun kana sungut tukang kérétékna. Ku euweuh TNI atuh deuih ieu téh.</p> <p>Mun bedil kadinya, TNI!</p>	<p>Wacana ieu mangrupa indéksikal tina perasaan serdadu KNIL nu nyaah ka bangsana. Sok sanajan manéhna aya di pihak musuh, tapi haténa tetep teu narima lamun lambang nagarana dihina ku batur, komo ku penjajah</p>

Tabé1 4.5
Analisis Tanda Simbol
Kumpulan Carita Pondok Oléh-oléh Pertempuran

No	Kode	Objék Analisis	Interprétasi
1	6/32/82/II/TT	<p>...éra ari boga <i>darah</i></p> <p><i>Sakura</i> jeung <i>darah</i></p> <p><i>Malati</i> mah</p>	<p>Kontéks ieu téh mangrupa sempalan tina peupeujeuh indung Opa nu ngibaratkeun darah sakura téh turunan Jepang nya éta Isana Takashi (Opa) téa, sedengkeun darah malati</p>

			nunjuk ka pamajikanna Opa, urang Sunda, dimana masarakatna sok ngibaratkeun hiji wanoja téh ku kembang. Di Sunda kembang malati sok dipaké pikeun simbol-simbol nu istiméwa, misalna keur kawinan pangantén
--	--	--	--

4.24 Hasil Analisis

Sabada diayakeun panalungtikan, kaungkab sababaraha hal ngeunaan ajén patriotis tokoh carita. Hal-hal nu kaungkab luyu jeung tujuan panalungtikan, nya éta némbongkeun *informasi* ngeunaan ajén patriotis tokoh utama jeung tokoh tambahan dina kumpulan carita pondok *Oléh-oléh Pertempuran*.

Ajén-inajén patriotis anu kaungkab dina carita teu ditingali tina paripolah atawa tindakan wungkul, tapi ogé dina pamikiran, perasaan, sarta koméntar-koméntar ti hiji tokoh ka tokoh séjén.

Tina sababaraha cutatan kajadian, mindeng kapanggih hal nu némbongkeun ajén patriotis, saperti ngéwana para prajurit ka bangsa sorangan atawa bangsa deungeun anu jadi mata-mata, kolaborator, jeung prajurit musuh.

Hal ieu katitén dina carita pondok anu judulna “Harta Karun” (Pasukan Rahayat Bersenjata), “Penghianat” (kuring), “Maéhan Bapa Sorangan” (Supangkat), “Nu Ceurik di Pasir Ipis” (Hamid), “Geus Némbongan” (Kaptén Harlan), “Supir Mobil Mati” (Adi Harda), “Supata” (Létnan Kuswara Kusumah), jeung “Cipanon Handapeun Hantap” (prajurit TNI).

Aya ogé nu bener-bener bélá pati keur nanjurkeun kamerdékaan nagara Indonésia nepi ka boga niat jibaku atawa *aksi bunuh diri* sangkan musuh héngkér dina pertempuran. Carpon anu ngungkabkeun ngeunaan hal ieu nya éta “Maéhan Bapa Sorangan” (Supangkat), “Bayonét” (Sujata Prana), “Merdéka Tetep Gurka Diantep” (Sersan Kurdi), jeung “Kasarad” (Kantari).

Lian ti éta, aya sikep séjén dina bélá ka lemah cai. Tidakteu turun langsung ka médan tempur saperti cara ilahar dina jaman révolusi. Carana téh nya éta ngadegkeun sakola sangkan generasi ngora bisa maca, nulis, jeung ngitung. Sersan Karman dina carita pondok “Ki Hantap” nepikeun cara séjén éta. Cara nu dipilih pikeun némbongkeun sikep bélá ka lemah cai tina rasa nyaahna sabab manéhna teu bisa milu bajoang jeung babaturanna di TNI.

Opa dina carita pondok “Nu Teu Daék Mulang” gé bisa némbongkeun jiwa patriotis ka nagara Indonésia. Sanajan manéhna turunan Jepang, tapi dina haténa aya kereteg hayang mulang tarima ka nagara nu geus diiluan perang ngalawan sekutu. Nu satuluyna, Opa ogé boga tékad bélá pati keur nanjurkeun kamerdékaan Indonésia. Kitu ogé indungna Opa. Peupeujeuh ka nu jadi incu-incuna sangkan jadi patriot bangsa, boh milu dina perjoangan, boh ku cara séjén sangkan bisa milu tanggung jawab kana maju mundurna bangsa.

Juragan Tirtaatmaja mah sabalikna ti Opa. Dina carita pondok “Péstol Leutik Pérah Beureum,” Juragan Tirta milu bajoang ka intélijén Jepang, Yasumi. Maranéhna gawé bareng pikeun ngéléhkeun Walanda. Jepang méré jangji kamerdékaan lamun rahayat Indonésia milu bajoang jeung pihak Jepang.

Ajén patriotis nu katalungtik dina kumpulan carita pondok *Oléh-oléh Petempuran* ogé bisa katitén ngaliwatan penapsiran tanda-tanda salaku unsur semiotik. Éta tanda-tanda téh diantarana ikon, indéks, jeung smbol.

Dina tabél analisis unsur semiotik, nu kaasup kana unsur ikon aya opat, indéks aya dua belas, sarta simbol aya hiji.